ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩЦIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№35 (24.785) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы туменщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ



# ЗыгъэпIейтейхэри мащIэкъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ Урысей Федерацэм наркотикхэм япэщIэтыным теухуауэ щрагъэкIуэкI политикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм щыубзыхуахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2024 гъэм зэрыщагъэзэщIам, афиянхэкI зэзыхьэлIэхэр гъэхъужыным, абыхэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыным пыщIа Iуэхухэм прокурорхэм я нэIэ зэрытетым. Апхуэдэу абы щызэпкърахащ Налшык, Бахъсэн къалэ округхэм наркотикхэм япэщIэтынымкIэ я комиссэхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэр.

Къыхэбгъэщ хъунущ, наркотикхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщыхьымкIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэрефIэкIуар. Абы къыдэкIуэу, угъэргъузавэ синтетикэ наркотик гуащIэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам, интернетым и Iэмалхэр къагъэсэбэпу ялэжь апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэми къазэрыхэхъуэм.

Республикэм щызэтраухуащ наркоманхэм дохутыр-социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтыным, афияным игъэсымэджахэр жылагъуэ гъащIэм тэмэму къыхэшэжа хъуным яхуэгъэза лэжьыгъэр, стационар, амбулаторнэ программэхэм пхыкIа апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэми хэхъуащ.

ЗэIущIэм зыщытепсэлъыхьахэм, апхуэдэу наркотикхэм япэщIэтынымкIэ щIыналъэ комиссэм и лэжьэкIэм теухуауэ къыхалъхьа чэнджэщхэм япкъ иткIэ унафэ пыухыкIахэр къащтащ, наркотикхэр ирагъэкIыным пэщIэтыным, щIалэгъуалэр а узыфэм щыхъумэным хуэгъэзауэ.

# ЦIыхухэращ ягъэнэхъыщхьэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Пенсэ Iуэхухэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и унафэщI Бакъ Николай.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм щыгъуазэ зищIащ Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэм илъэс кIуам къриkIуахэмрэ мы гъэм къапэщыт къалэнхэмрэ.

Бакъ Николай зэрыжиIамкIэ, 2024 гъэм я къудамэм щызэблэу къэмыхъуу пенсэхэр, пособиехэр, цIыхухэм зэрызыщIагъакъуэ нэгъуэщI ахъшэхэр и чэзум иратащ республикэм щыпсэухэм ящыщу цIыху мин 385-м щIигъум. ЦIыхухэм пенсэу иратыным сом мелард 39-рэ, сабий зиIэ унагъуэхэм ядэIэпыкъуным - мелард 32-рэ, анэ (унагъуэ) мылъкум - мелларди 2,3-рэ хухахауэ щытащ.

ФIэкIыпIэншэ социальнэ страхованэм ипкъ иткIэ зыхуэфащэу къалъытахэм пособиеу, компенсацэу, нэгъуэщI социальнэ ахъшэу иратар сом меларди 2,6-рэ мэхъу. Гулъытэ хэха хуащI дэзэ Iуэху хэхам хэтхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъуным.

Зэпымыууэ я нэIэ тетщ я узыншагъэр зэрымыщIагъуэм къыхэкIыу зи щхьэ Iуэху тэмэму дэзымыгъэкIыжыфхэм къэралыр къадэIэпыкъунми. 2024 гъэм апхуэдэхэм ящыщу цIыху 14-м я узыншагъэм хуэкIуэ автотранспорт хэха иратащ, я узыфэр зыхуэдэм елъытауэ я гугъуехьхэр ящызыгъэпсынщIэну техникэ лIэужьыгъуэхэр цIыху минищым щIигъум иратащ, цIыху миным щIигъум санаторэхэм, курортхэм зыщагъэхъужын папщIэ путевкэхэр иратащ.

Дызэрыт илъэсым и щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ процентi 9,2-кIэ хагъэхъуащ страховой пенсэу мини 172-м, лэжьапIэ Iут пенсионерхэм ейуэ мин 25,5-м. Мазаем и 1-м хагъахъуэри иратащ цIыху мин 80-м я социальнэ ахъшэхэр. Мы зэманым IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырщ социальнэ пенсэхэм мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ процент 14,7-кIэ зэрыхагъэхъуэнум.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм и кIэм фондым и къудамэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ Iэзагъышхуэ яхэлъу, жэуаплыныгъэр зыхащIэу я къалэнхэр зэрагъэзащIэм, гуапэу цIыхухэм зэрахущытым папщIэ икIи адэкIи ехъулIэныгъэщIэхэр яIэну ехъуэхъуащ.

2025 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщыныымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIыныымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 1995 - 2007 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 30 иримыкъуахэр икIи запасым щымыIэхэр 2025 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Мы Указым щIыгъуэу къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ 2025 гъэм и гъатхэм ираджэн хуейцIыхухэм я узыншагъэр къэзыпщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ящIыгъуу 2025 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр ягъэува пIалъэхэм кърихубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм транспортымкIэ и Налшык щIыналъэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэхуашэс, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкIуэнухэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр ягъэзэщIэныр къызэрагъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакIуэ щIыкIэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщыгъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм гъатхэпэм и 19-м*
*№22-УГ*

*2025 гъэм гъатхэпэм и 31-р щымылажьэ махуэу гъэувыным и IуэхукIэ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Я фIэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм яубзыхужынымкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я IуэхукIэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къащта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ НэщIыкIыж хьид махуэшхуэм теухуауэ **унафэ сощI**:

2025 гъэм гъатхэпэм и 31-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфIэгъуэ махуэу щыгъэувын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм гъатхэпэм и 20-м*
*№25-УГ*

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

**2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.**

**Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 541-рэ кIэпIейкIи 5-рэ;**

**фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 493-рэ кIэпIейкIэ 77-рэ.**

**Ди индексыр П5894**



● КъБР-м и Парламентым

# ЩIалэгъуалэм Iэмал псори яIэщ

**КъБР-м и Парламентым, «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, ЩIалэгъуалэм я унэм (Налшык) зэIущIэ къыщызэригъэпэщащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ и хабзэубзыху IуэхущIапIэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмкlэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ комитетым и жэрдэмкlэ къызэрагъэпэща зэхыхьэм депутатхэр щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIалэгъуалэм зыщегъэужьыным теухуауэ» республикэ законыр зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм и пэ къихуэу, хьэщIэхэм зыщрагъэплъыхьащ иджыблагъэ Iэтауэ къызэIуаха ЩIалэгъуалэм я унэм. IуэхущIапIэм хэтщ бэджэнду къапщтэ хъуну пэшхэр, лъэщапIэхэр, тхыдэ, хэкупсэ клубхэр иIэщ. Мыр я хэщIапIэщ волонтёр центрымрэ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ. КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Лу Азэмэт** хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ зэхэкъутауэ щыта щIыунэм щыщу метр зэбгъузэнатIэ 400-м нэблагъэ зэрызэрагъэпэщыжар, дэрбзэр IэщIагъэм зыщыхуагъасэ, ятIагъуэм хьэпшыпхэр къыщыхащIыкI, макъамэхэр щатх пэшхэр щыIэн хуэдэу.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** жиIащ щIэблэр пасэу Iуэхум хыумышэмэ, щIыналъэм зэрызимыужьынур, ар къалъытэу иужьрей илъэсхэм къэралым гулъытэ хэха щIалэгъуалэм зэрыхуищIыр.

«Иджыпсту егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, гъэсэныгъэми, щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэхъунми, ди лъапIэныгъэхэм пщIэ хуегъэщIынми ди нэIэ тетщ. А Iуэхухэм гулъытэ хуащI КъБР-м и Iэтащхьэми, Правительствэми, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэми, адрей IэнатIэхэми, - къыхигъэщащ Егоровэм. - Куэд щIакъым, 2020 гъэращ, «УФ-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэм теухуауэ» федеральнэ законымрэ «КъБР-м и щIалэгъуалэм зегъэужьыным теухуауэ» законым и редакцэщIэмрэ къызэращтэрэ. Абыхэм къыщылъытащ щIалэгъуалэм зэрызаужьынури а Iуэхум епха гугъуехь нэхъыщхьэхэри. ЖысIэнуращи, щIэблэм дазэрыдэлэжьэну лъагъуэр хэтшащ. Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым абы и лъэныкъуэкIэ ди республикэми къэрал псоми иужьрей илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыщыхъуам. Нобэ лъэпкъ пэхуэщIэ догъэзащIэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» фIэщыгъэр иIэу. Зыхуэгъэзар щIэблэм я гъэсэныгъэрщ, Iуэху мыхъумыщIэхэм ахэр пэIэщIэу щыгъэтынырщ. Ар сэбэп хъунущ ди щIалэгъуалэр гъащIэм нэхъ жыджэру хэтынымкIэ, жэуаплыныгъэр зыхащIэнымкIэ. КъищынэмыщIауэ, къэралым щIэблэм зэрызаужьынум тегъэщIауэ защIегъакъуэ, ахэр спортым, творчествэм, политикэм, жылагъуэ, волонтёр Iуэхухэм хешэ, я зэманыр щхьэпэу щагъэкIуэн IуэхущIапIэхэр нэхъыбэу къахузэIуех.

Абы и щыхьэтщ нобэ ди зэIущIэр щедгъэкIуэкI мы унэр, Кавказ Ищхъэрэм щIалэгъуалэм я IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэу итыр. ИкъукIэ гъэщIэгъуэну икIи щхьэпэу щIэблэм мыбдеж я зэманыр щагъэкIуэфынущ. Нэхъ ипэкIи зэрыжысIащи, иджыпсту щIэблэм щхьэкIэ къэралым ищIэм хуэдиз зэи щыIакъым».

Министрыр тепсэлъыхьащ лэжьэн зэрыщIадзэрэ зыхуэнэсамрэ мы зэманым нэхъ зэгугъухэмрэ. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджыным, Iуэху мыхъумыщIэхэм хамышэным хуэгъэзауэ зэфIах лэжьыгъэм. Абы зэрыжиIамкIэ, «КъБР-м щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьын», «КъБР-м егъэджэныгъэм зыщегъэужьын», «КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» къэрал программэхэр ягъэзэщIэным 2024 гъэм сом мелуан 300-м щIигъу хухахащ, 2025 гъэм - сом мелуан 270-м щIигъу.

- КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, 2022 гъэм накъыгъэм и 18-м КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэр къызэрагъэпэщащ. Мы зэманым абы IуэхущIапIищ къепхащ: Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрыр, КъБР-м волонтёр Iуэхум зыщезыгъэужь IуэхущIапIэр, «Эльбрус» корпоративнэ университетыр. Къыхэгъэщыпхъэщ, «Регион для молодых» щIэблэм зэрызрагъэужьыну программэхэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм щэнейрэ текIуэныгъэ къыщызыхьа щIыналъэ 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр ящыщ зэрыхъуар, - жиIащ Лу Азэмэт. - Иужьрей илъэситIым республикэм и Аруан, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ, Лэскэн, Май, Шэджэм районхэми къыщызэIутхащ щIалэгъуалэ центрхэр. Мы гъэм ди мурадщ Бахъсэн районым апхуэдэ IуэхущIапIэ къыщызэдгъэпэщыну. КъищынэмыщIауэ, Тэрч районым щыIэ щIалэгъуалэ центрыр зыхуейхэмкIэ къызэдгъэпэщынущ, «Эльбрус» лагерыр къызэрызэIутхынум делэжьынущ.

Министрым дыщIигъуащ щIалэгъуалэ центрхэр Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэм 2026 гъэм къыщызэIуахыну зэрытраухуэр, Звёзднэ къуажэм сабий-ныбжьыщIэ хэкупсэ лагерь къыщызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

Къэпсэлъам упщIэхэр щратым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ министерствэм унагъуэщIэхэм, къэрал IуэхущIапIэхэм епха щIалэгъуалэ советхэм хэтхэм я нэIэ тригъэтыныр зэрыфIэкъабылыр, апхуэдэуи лэжьыгъэми еджэнми димыхьэххэм гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** министрым фIыщIэ хуищIащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, икIи дыщIигъуащ ЩIалэгъуалэм я унэм библиотекэрэ музей пэшрэ хэтамэ фIы дыдэ зэрыхъунур.

Апхуэдэуи депутатхэр къытеувыIащ щIэблэр наркотикхэм, мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэу щагъэтын папщIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, Iуэху щхьэпэхэм сабий нэхъыбэ къыхашэну иужь зэритыпхъэм. Министрым жиIащ, республикэм и IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр я гъусэу, курыт школхэм гъэ къэс къэпщытэныгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыр, ныбжьыщIэхэр зыдихьэх Iуэхугъуэхэр зрагъэщIэн мурадкIэ. Наркотикыр зэрызэраным теухуауэ иужьрей зэманым фильмитI ягъэхьэзыращ, дакъикъэ 30-кIэ дэтхэнэри екIуэкIыу. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и МВД-м щIыгъуу, ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ министерствэр «Киберпатруль» Iуэхум жыджэру хэтщ, Интернетым наркотикым, мыхъумыщIагъэхэм къыщыхуезыджэ гупхэр къыщыщIагъэщу.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «Сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ Iуэхухэмкlэ, нэгъуэщIхэмкIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэн Республикэмрэ зэрызэдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэр убзыхуным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым, «УФ-м административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и кодексым и Iыхьэ 27.13-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ закон №826578-8-м и проектым зэрыпэджэж тхыгъэм, «Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ щIэинхэм теухуауэ» федеральнэ закон №827867-8-м и проектым. Депутатхэр хэплъащ нэгъуэщI щIыналъэхэм ягъэхьэзыра федеральнэ законхэм я проектхэмрэ жэрдэмхэмри.

Зэрыхабзэу, зэIущIэм и кIэухым ягъэбелджылащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъ зратынухэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

● КъБР-м и Правительствэм

# Ахъшэ пагъэкIуэфынущ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр щызэпкъраха, унафэ щхьэхуэхэм къыщытеувыIа зэIущIэ.**

КъБР-м къат куэду зэтет унэхэм я зэдай мылъкур зехьэнымкIэ 2024 - 2049 гъэхэм тещIыхьауэ ягъэбелджылауэ щыта къэрал программэм, апхуэдэуи «Иджырей теплъэ зиIэ къалэ» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» Правительствэм и проектхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Журавлёв Андрей**.

КъБР-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм и коллегием хэтынухэр щыгъэбелджыла проектыр къигъэнэIуащ абы и министр **Бозий Аскэр**.

Мэзым ехьэлIауэ щыIэ къэрал программэхэр КъБР-м щыгъэзэщIэным къытеувыIащ КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**.

УФ-м и музей фондым кIэлъыплъынымкIэ щIыналъэ программэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьэнур жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Япэу къаIэта Iуэхущ зи узыншагъэр мыщIагъуэ сабийуэ егъэджакIуэхэм унэм щрагъаджэхэр махуэм пщIэншэу тIэу гъэшхэныр къызэрызэгъэпэщыпхъэр. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**. Министрым къыхигъэщащ сабийхэм папщIэ ягъэхьэзырын хуей шхыным пэкIуэу ахъшэ иратын Iэмалри зэрыщыIэр. Абы теухуа проектыр игъэхьэзыращ КъБР-м и Правительствэм.

**ГЪУЭТ Синэ**.



● Терроризмэм зэрыпэщIэт Iуэхухэр

# Насыпыншагъэм щахъумэ

**Лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэм, диным хэмылъхэм, террорист, экстремист щIэпхъаджагъэхэм щIалэгъуалэр щыхъумэным, мамырыгъэм ахэр къыхуеджэным теухуа зэIущIэ Май къалэ администрацэм щекIуэкIащ. Абы кърагъэблэгъащ Май, Прохладнэ, Тэрч щIыналъэхэм, Прохладнэ къалэм я спорт еджапIэхэм я унафэщIхэмрэ тренерхэмрэ.**

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм ятеухуауэ абы къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, КъБР-м и МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрым и оперуполномоченнэ **Гуслистовэ Викторие**, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур** сымэ. Абыхэм я гугъу ящIащ экстремист щIэпхъаджагъэхэр республикэм къыщымыгъэхъуным хуэгъэзауэ лэжьыпхъэхэм.

Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха яхуэщIыпхъэщ къытщIэхъуэ щIэблэм, лъэпкъ, дин зэпэщIэувэныгъэхэм, террорист щIэпхъаджагъэхэм къыхураджэу интернетым щатххэмрэ къыщагъэлъагъуэхэмрэ къэплъытэмэ. Иджыпсту дунейм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ мыхъумыщIэхэм щIалэгъуалэр ящыхъумэным утеплъэкъукI зэрымыхъунур, иужькIэ абы кърикIуэнур зэрышынагъуэр гурыIуэгъуэщ.

Къуэшырокъуэ Залым Iуэхум теухуауэ къыхигъэщащ тренерхэр зыдэлажьэ ныбжьыщIэхэр насыпыншагъэм щыхъумэнымкIэ, цIыху нэсу, лъэпкъ хабзэр зэрахьэу ахэр къэгъэтэджынымкIэ абыхэм я пщэ къалэнышхуэ къызэрыдэхуэр. КъызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм, игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ и хабзэм щIапIыкIа, пщIэ хуащIу ягъэса щIэблэр абыхэм ебэкъуэнукъым, лей зэрахьэнукъым.

КъытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным ехьэлIауэ зы Iуэху бгъэдыхьэкIэ хэха щIыналъэм щыIэн зэрыхуейр жиIащ Хэжь Заур. АбыкIи тренерхэр я гъэсэнхэм гъуазэ яхуэхъупхъэщ. Апхуэдэуи спортымкIэ министрым и къуэдзэм къыхигъэщащ щIалэгъуалэ политикэ тэмэм зэтеухуэным ехьэлIауэ къэралым лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр.

Гуслистовэ Викторие къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ, террорист, экстремист щIэпхъаджагъэхэр ялэжьамэ, цIыхур илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ жэуап ткIийм зэрырашалIэр, экстремизм къыхуеджэныгъэхэр къезыхьэкIхэм административнэ къуэдыхэр зэрытралъхьэр, абы къыхэкIыу къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм щIэмычэу епсэлъэн, къэрал хабзэм ебакъуэ зэрымыхъунур къагурыгъэIуэн, ядэлэжьэн зэрыхуейр.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Адыдж**.

● Зауэм и бынхэр

# Лэжьыгъэм ипсыхьа нэхъыжьыфI

**Къэралыр къэзыIэта, зыхъума цIыхухэм теухуауэ тхыгъэ куэд къызэринэкIащ Дэцырхъуей Мусэрбий. Абыхэм язщ фызыщыдгъэгъуазэр.**



БАГЪЭТЫР ХьэзрэIил *(сурэтым)* Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ (Къаншыуей), жылэжьым мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ, и сабиигъуэри и балигъ гъащIэри абы щихьащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ бзаджэхэм хиубыда ХьэзрэIил гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ. И сабиигъуэ пасэм щегъэжьауэ махуэ тыншыгъуэ иIакъым.

1937 гъэм ХьэзрэIил къуажэм дэт курыт еджапIэм щIэтIысхьат, ауэ, зы илъэс ирикъу емыджэу и анэр дунейм ехыжри унагъуэр зэрыщыту къыхуэнащ. И къуэш нэхъыщIэ МусрэIил и ныбжькIэ илъэс ещанэм ит къудейуэ арат. ЖыпIэнурамэ, сабийм сабийр къыхуэнат. И адэри 1942 гъэм Хэку зауэшхуэм дэкIри хъыбарыншэу кIуэдат.

1942 гъэм, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди щIыпIэм къыщысам, ХьэзрэIил и ныбжьыр илъэс 12 ирикъуа къудейт. Абы щыгъуэм ещанэ классыр къиухауэ арат. И еджэныр зауэм къыщызэпиудым, щIалэщIэр губгъуэ лэжьыгъэ хьэлъэм пэрыуващ. Езым нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыжь Былымыхь Хьэзрэт шым тесу, ХьэзрэIил къитхъыр иIыгъыу нартыху зэхуакур ягъэкъабзэу щытащ.

Жылэм къыдэна жьыкIэфэкIэхэмрэ цIыхубзхэмрэ Прохладнэ (КъалэкIыхьым) кIэнауэтI яшати, ХьэзрэIил и ныбжьын щIалэ цIыкIухэм колхоз лэжьыгъэр я пщэм къыдэхуат. «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ», жыхуиIэрати, мо зи Iэпкълъэпкъыр иджыри дахэ-дахэу зэрымыуда сабий ныкъуэхъухэм яхузэфIэкIащ колхозым и лэжьыгъэр къамыгъэувыIэн.

А лъэхъэнэм узэрылэжьэну техникэу щыIэр мащIэ дыдэти, выкIэ, жэмкIэ вэуэ колхоз губгъуэм итт цIыхубэр. ХьэзрэIил и жэмитIри хэту пхъэIэщэкIым жэм хырых щIэщIауэ иривэу щытащ.

Ауэрэ Хэку зауэшхуэр увыIэри, 1946 гъэм шитI щIэщIауэ ирилэжьэну шыгу къратат ХьэзрэIил. 1951 гъэр иухыхуи гублащхьэр имыутIыпщу махуэ къэс губгъуэм итащ.

А илъэс дыдэм Ардав Климушкэрэ ХьэзрэIилрэ трактор (СТЗ) кърататат, тIури чэзууэ тесыну. А гъэм къуажэ губгъуэхэм бжьэхуц трагщIэри, трактор цIыкIумкIэ бжьэхуц хьэсэхэр зэрахьауэ щытащ. Лэжьыгъэм къыпэрашри, Пермь областым пхъэ зыгъэхьэзыру щылажьэхэм я деж ХьэзрэIил ягъакIуэ. Зыхыхьахэм ефIэкIыу абы мазихкIэ щоIэри, и жылэжьым къегъэзэж, колхозым трактор (ДТ) къретри, и ныбжьыр армэ кIуэгъуэ хъухукIэ абы иролажьэ.

1955 гъэм сержанту и дзэ къулыкъур къиухри, щалъхуа жылэм къигъэзэжащ икIи махуэл димыхыу колхозым хыхьэжащ.

ХьэзрэIил цIыху жант, жыIэщIэт, сыт хуэдэ IэнатIэми хэзагъэрт. Абы гу лъимытэу къэнакъым колхоз унафэщIым икIи 1959 гъэм гъэш фермэр и IэмыщIэ кърилъхьащ. Нэхъ ипэIуэкIэ ар Iэщым яхэмытами, зэфIэкI инхэр къыщигъэлъэгъуащ. А куейм зэхьэзэхуэ щекIуэкIмэ, абы игъэлажьэ гупым япэ увыпIэр куэдрэ къыщахь къэхъуащ, утыку инхэм я цIэр фIыкIэ къыщраIуэу.

1969 гъэм Къаншыуей губгъуэхэм жызум гектар щибгъум нэс хащIат. Зэгуэр «Серп и молот» зи фIэщыгъэу щыта колхозыр жызум совхоз «Курпский» хъуат. А гъэ дыдэм Багъэтырыр совхозым и зы къудамэм и унафэщIу ягъакIуэ.

1985 гъэм аргуэру гъэш фермэм игъэзэжащ. Сыт хуэдэ къалэнми жэуаплыныгъэшхуэ хуиIэу бгъэдэт ХьэзрэIил, зыпэрыхьэжа лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу иригъэфIэкIуащ. Ар 1994 гъэ пщIондэ, пенсэм кIуэуэ тIысыжыху, гъэш фермэм и унафэщIу щытащ.

Багъэтырым и щхьэгъусэ Майи фермэм щылэжьащ. Абыхэм бынибл зэдапIащ, ягъэсащ, ирагъэджащ. ЖыпIэнурамэ, къэрал, жылэ, унагъуэ къалэн къатенакъым зэщхьэгъусэхэм.

**КЪАНКЪУЛ Раисэ.**

## Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 22**, *щэбэт*

♦**1928 гъэм** къалъхуащ РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Жамбэч Мухьэдин**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессору икIи и япэ ректору щыта, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 23**, *тхьэмахуэ*

♦**Метеорологием и дунейпсо махуэщ**

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщэгъу **Абазэ Руслан**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 24**, *блыщхьэ*

♦**Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**1948 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шенкао Мухьэмэд**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакIуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хъыдзэдж Борис**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ адыгэ IуэрыIуатэдж, этнолог, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта **ЦIыпIынэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ГъунэгъуфI къуэшыфI палъэщ.**

## ДыдэвгъэIэпыкъу



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Прохладнэ къалэм щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь Батыр Албэч Аслъэн и къуэм и гум лыщх узыфэ шынагъуэр (ангиосаркома левого предсердия) иIэу къахутащ.

ЩIалэм и узым иригъэIэзэу къызэфIэувэжынымкIэ, гъащIэ кIыхь икIи узыншэ къигъэщIэнымкIэ иIэ хъуэпсапIэр къехъулIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхуэвгъэхъу.

Ахъшэр евгъэхь хъунущ Албэч и анэ Хьэлимэт и телефон номерымкIэ: 8(967) 413 37 39 (Галимат Мазановна Б.). Iэмал имыIэу абы смс дэщIыгъупхъэщ «Альбеку на лечение!» жиIэу иту.

## Iэщэ зиIэхэм ящIэн папщIэ

**Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ зыт-хуит зыщI и центрым цIыхухэм захуегъазэ Iэщэхэр абы хухэмыха щIыпIэхэм къыщамыгъэсэбэпыну.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, апхуэдэ хабзэм ебакъуэхэм административнэ жэуап яхь Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэрыщыхьамкIэ, административнэ къуэдыуэ тралъхьэнкIэ мэхъу сом мин 40-м щыщIэдзауэ мин 50-м нэс, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмрэ къытрахыу е илъэсрэ никъуэм щыщIэдзауэ илъэсищкIэ, Iэщэ къиищэхуну икIи ихъумэну, ар зэрихьэну хуит ямыщIу, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмри къытрахыу.

Апхуэдэуи а хабзэм ебэкъуа чэф гупым е зы цIыхум ардыдэр къапоплъэ, административнэ къуэдыуэ сом мин 50-м щыщIэдзауэ мини 100-м нэс ирагъэпшыну.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# ПщIэншэу щагъэгъуэзэнущ

**2025 гъэм гъатхэпэм и 27-м (сыхьэти 10-м щегъэжьауэ 12 хъуху) ЦIыхухэр я хуитыныгъэхэм щыгъэгъуэзэным теухуа зэIущIэ пщIэншэхэр екIуэкIынущ. Уасэ зыщIэвмыт юридическэ дэIэпыкъуныгъэ щывгъуэтынущ КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэм, МФЦ-м КъБР-м щиIэ къудамэхэм, республикэм и щIыпIэ ЗАГС-хэм.**

«УФ-м и цIыхухэм юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэ ягъуэтыным теухуауэ» 2011 гъэм щэкIуэгъуэм 21-м къыдэкIа унафэмрэ «КъБР-м и цIыхухэм юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэ ягъуэтыным теухуауэ» 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м къыдэкIа унафэмрэ япкъ иту йокIуэкI мы Iуэхур.

Юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэр зытынухэм яхэтынущ УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ къудамэм, КъБР-м и Прокуратурэм, КъБР-м и МВД-м, УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкIэ и фондым КъБР-м щиIэ къудамэм, «Къэрал юридическэ IуэхущIапIэ» ГКУ-м, КъБР-м и Адвокатхэм я палатэм, КъБР-м и Нотариусхэм я палатэм, «Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэр.

Мы Iуэхугъуэр зэзыгъэуIур УФ-м ЮстицэмкIэ и министерствэм КъБР-м щиIэ управленэрщ.

Юридическэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэхэр щывгъуэтыну хэщIапIэхэр къыщыфщIэфынущ Управленэм и электрон пощтым - https://to07.minjust.gov.ru/ru/.

# Терактым зэрыпэщIэт зыгъэсэныгъэхэр

● УФСБ-м къет

**КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым 2025 гъэм гъатхэпэм и 20-м иригъэкIуэкIащ террорым пэщIэтыным хуэунэтIа зыгъэсэныгъэхэр.**

Къэхъунк Iэ хъуну террор Iуэхур къызэпыудыным ехьэлIа лэжьыпхъэхэр зэфIахащ, апхуэдэ щытыкIэхэм деж къагъэсэбэп хабзэ техникэхэм я зэфIэкIхэри къапщытащ.

Зыгъэсэныгъэм хэтащ КъБР-м щыIэ УФСБ-м, МВД-м, СУ-м и СК-м, МЧС-м, Урысей гвардием, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я лIыкIуэхэр.

Оперативнэ штабым зыгъэсэныгъэхэм хэтахэм яригъэщIащ террорист Iуэху ялэжьынкIэ хъунур и чэзум къызэпыудынымрэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэ ялэжьмэ, абы къырикIуэнухэр гъэмэщIэнымрэ ехьэлIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр.

Зыгъэсэныгъэм щагъэува мурадхэр зрагъэхъулIащ.

***КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Заман» газетым и сурэттех **Хулаевэ Марзият Далхат и пхъум** хуогузавэ абы и шыпхъу **Хочуевэ (Хулаевэ) Патя Далхат и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ советым, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэм и къэрал институтым, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэр **Пщыбий СулътIан Хъанджэрий и къуэм** хуогузавэ абы ипхъу **Пщыбий Ларисэ** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр **Батчаев Валерэ Мурат и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# ЩIэныгъэр зи дунейуэ, зи дунейр щIэныгъэу зыхьа

## (Адыгэ бзэщIэныгъэлI Шагъыр Iэмин къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу)

**КъыщIэбгъэлъэху нэхъ кууужу къызэкIуэцIыкIыу адыгэбзэм зы щэн гъэщIэгъуэн иIэщ. А щытыкIэм узыIэпимышэнкIэ Iэмал иIэкъым. Адыгэбзэм теплъэгъуэ щхьэхуэурэ ди пащхьэ къригъэувэжыр лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм и закъуэкъым, атIэ абы къызыкъуехыж а лъэпкъым и гупсысэкIэри, дуней лъагъукIэри, гурыгъу-гурыщIэхэри, щыIэныгъэм кърит гузэхэщIэ зэмылIэужьыгъуэхэри. Арыххэуи, цIыхур бзэ хэха гуэркIэ псалъэми, бзэми езым и «бзэ» иIэжщ, и псэлъэкIэ телъыджэ ешэщI, абы ущIэдэIуным, ар зэхэпхыным фIыгъуэ куэд къыхэкIыу. Адыгэбзэм урипсэлъэныр мащIэщ, абыкIэ угупсысэни хуейщ, щIыжаIэри арагъэнущ. Бзэм и «псэлъэкIэр» зэхэзыхыу кIуэцIылъ щэхубэр абы ирипсалъэхэм я деж нэзыхьэсыжыфым Тхьэшхуэр етащ: абы ар егъэпщIыпщI, гупсысэр плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ зэщIеблэ, псалъэм и кIуапIэхэр къегъэIэгъуэ. Апхуэдэт адыгэбзэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэзыгъэпсэлъэфа, илъэс 17-м иту зи гъащIэр абы езыпхыу дунейм ехыжыху хуэпэжа Шагъыр Къабцу и къуэ Iэмин.**



АДЫГЭ бзэщIэныгъэм гуащIафIэу хуэлэжьа еджагъэшхуэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Шагъыр Iэмин. Абы адыгэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къызэрымыкIуэу инщ, къызыхэкIа лъэпкъым хуилэжьа Iуэхутхьэбзэми гъунэ иIэкъым. Iэмин дунейм фIыуэ къыщащIэ щIэныгъэлIхэм языхэзщ, и къэхутэныгъэхэми щIэупщIэшхуэ яIэщ. Шагъырыр ящыщщ адыгэ лексикэр куууэ зыджахэм, абы ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэ куэд и кIэм нэсу зэфIэзыгъэувахэм. Урысей икIи хамэ къэрал бзэщIэныгъэлI куэдым къызэрыхагъэщымкIэ, Шагъырым и Iэдакъэ къыщIэкIа сыт хуэдэ къэхутэныгъэми гупсысэу къыщыкIуар бзэ хьэлэмэткIэ щызэгъэпэщащ, тегъэщIапIэ ящI щапхъэхэр нахуэу икIи IупщIу щызэхэухуэнащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Аруан щIыналъэм щыщ Лэскэн ЕтIуанэ (Аслъэмырзей) къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ Шагъыр Iэмин. ХьэщIэщ щэнхабзэмрэ лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ зи гъащIэм щыщу къэпсэуа нэхъыжьыфIхэм я дежщ абы дунейм тетыху адыгэбзэм хуиIа щытыкIэ дахэр щызэфIигъэувар. Зэрысабийрэ Щагъырым адыгэ псалъэр и тхьэкIумэм итт икIи нэхъыжьхэм къаIуэтэж тхыдэжьхэмрэ пшыналъэхэмрэ абы и IэфIыр къыхапщащ.

Курыт еджапIэр къыщиухам, Iэмин къыхихыну гъуэгур зыхуэдэр ищIэрт - ар яхэтащ Тбилиси дэт, Джавахашвили Иванэ и цIэр зезыхьэ къэрал университетым кавказыбзэхэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьэну Куржым 1947 гъэм кIуа гупым. ИужькIэ адыгэ бзэщIэныгъэр лъагэу зыIэтахэм ящыщу Iэмин къыдеджащ зи цIэр лъэпкъым и тхыдэм дыщэпскIэ хэзытха КIэрашэ Зейнэб, Щэрдан Iэбу, ЗекIуэгъу Увжыкъуэ, КIуащ Тамарэ, Къумахуэ Мухьэдин сымэ. Мы гупым унэтIакIуэ гъуэзэджэ яхуэхъуащ адыгэхэр фIыуэ зылъагъуу, абыхэм хуащIэр къызэмэщIэкIыу дунейм тета профессор гуп дыгъэлыр: Чикобавэ Арнольд, Рогавэ Георгий, Ломтатидзе Кетеван, нэгъуэщIхэри. Дуней зэхэщIыкI зиIэ нэхъыжьыфIхэм ялъэкIащ я гъэсэнхэм гъуэгу дахэр зэрыпхашын щIэныгъэ бгъэдалъхьэн, къэхутэн, къыщIэгъэщын, джын хуей Iуэхугъуэхэм гулъытэ хэха хурагъэщIын.

Профессор Ломтатидзе Кетеван куэдрэ фIыкIэ игу къигъэкIыжырт Шагъырыр. «Кавказым къикIыу еджапIэ къытхуэкIуа адыгэ щIалэгъуалэм ящыщу зыгуэри нэхъ лейуэ къахэбгъэщыфыртэкъым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтын щхьэкIэ мыхъуу, ипэжыпIэкIэ я анэдэлъхубзэм и лъапсэр къатIэщIу ар щIэныгъэ жыпхъэм ирагъэувэну зэрыхущIэкъур дэтхэнэми и цIыху щIыкIэм, и еджэкIэм, бгъэдэлъ зэфIэкIхэм къагъэлъагъуэрт. Зауэр зи нэгу щIэкIа цIыхухэр гъащIэм нэхъ щIэх балигъ ищIауэ къыщIэкIынт, армыхъумэ дауэт къызэрыбгурыIуэнур адыгэ ныбжьыщIэхэм я акъыл гъэтIысамрэ гупсысэкIэ зэпэлъытамрэ. Дэ ар дымыгъэщIэгъуэн тлъэкIыртэкъым, атIэми къызэщIэтпхъуэтыжурэ мыхэр адыгэщ жытIэрт, а псалъэм къикIыу дызыщыгъуазэ псомкIи ахэр щапхъэу зэрыщытын хуейр къыдгурыIуэжырти. Ауэ сэ сигу къинэжащ зы еджакIуэ, уеплъкIэ зыхэтым къахэщу пIэрэ жыпIэну щIалэ щхьэпэлъагэ, бгы псыгъуэ къудану, нащхъуэрэ и нэхэм ущIэплъамэ, хым ухэплъэ фIэкIа къыпфIэмыщIу, гушхуауэ зекIуэрэ и цIыху щIыкIэ псомкIи зэрызыхуэарэзыжыр къыхэщу. Губзыгъэти, зыхимыщIыкI щыIэтэкъым, къипсэлъыр зэрыщыту и гупсысэ шыбзэм зэрыщIигъэкIар къапщIэрт, хьэкъыу къилъытахэмкIэ икIуэт ищIэртэкъым, абыхэм тегъэщIапIэ лъэщхэри уапэмыувыжыфыну къахуихьырт. Зыхэт гупым къащхьэщыкIыу, ар нэхъ зэIухат, и гум илъыр нахуэу жиIэфырт, цIыхухэм щIэх нэсэIуасэ яхуэхъурт, нэхъыжьми нэхъыщIэми яжриIэн игъуэтырт. Ар Шагъыр Iэминт, иужькIэ бзэщIэныгъэлI лъэрызехьэ къызыхэкIа щIалэрт. ЗэрысцIыхуам текIауэ сщIэркъым», - жиIэжырт Ломтатидзе.

Еджэныгъэм хъарзынэу хэгъуэза щIалэщIэм куууэ зритащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм зэдайуэ яIэмрэ унейуэ яхэлъымрэ джыным, абыхэм я зэщхьэщыкIыныгъэхэр къызыхэкIыр къэхутэным, зыуэ хэту, ауэ макъхэм я лэжьэкIэм къашэ зэтекIыныгъэхэр къыщIэгъэщыным. Шагъырым пасэу къыгурыIуащ фонетикэм къыщымыувыIэу, лексикэм зритмэ, и къэхутэныгъэхэм къыщихь щысэхэр нэхъ хьэлъафIэ зэрыхъунур, утыку кърихьэ гупсысэхэр щIэныгъэ пэжым и шыбзэм хуиту зэрыщIэкIынур. Апхуэдэ еплъыкIэр зэрыхьэкъыр абы нэхъри щызыхищIар кандидат лэжьыгъэм зрита нэужьщ.

Шагъыр Iэмин университетыр фIы дыдэу 1952 гъэм къиухри, Рогавэ Георгий и чэнджэщкIэ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием БзэщIэныгъэмкIэ и инстиутым и аспирантурэм щIэтIысхьащ. Бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр нэсу къыпхуэтIэщIынкIэ зы Iэмал иIэкъым, абы и щIыпIэ псэлъэкIэхэмрэ диалектхэмрэ умыджауэ. Шагъырым фIы дыдэу ищIэр тхыбзэ псэлъэкIэм и закъуэтэкъым. Абы пасэ дыдэу гу лъитат Къэбэрдейм и закъуэу къапщтэми, жыIэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщызекIуэр. ЗыхищIэрт езым къыдалъхуа талъостэней псэлъэкIэр, щIэныгъэм лэскэн псэлъэкIэу хыхьар (псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, езы Шагъырыр щIэныгъэ унафэщIу иужькIэ мы жыIэкIэм Бэрбэч Беслъэн и кандидат лэжьыгъэр игъэхьэзырауэ щытащ), гъунэгъу джылахъстэнейм я псэлъэкIэм къызэрыщхьэщыкIыр, гу лъитэрт щIыпIэ-щIыпIэкIэ бзэр зэрылажьэ хабзэхэм зэтекIыныгъэ мымащIэу зэраIэр. «Адыгэбзэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэ») унэтIыныгъэр къыхэзыха щIалэр зытетхыхьыну Iуэхугъуэхэм къахэхын хуей щыхъум, тогушхуэри къэбэрдей адыгэбзэм и балъкъ псэлъэкIэр къиихутэну иужь йохьэ. Кандидат диссертацэм хуигъэхьэзыра лэжьыгъэр, «Къэбэрдей адыгэбзэм и балъкъ псэлъэкIэм и щхьэхуэныгъэхэр» («Особенности малкинского говора кабардинского языка») зыфIищар, зэрыщыту къуажищым (Бэтэх, ЯтIэкъуэ, Хьэжыхьэблэ) щыпсэухэм я бзэм тещIыхьат, фонетикэ, морфологие, лексикэ я лъэныкъуэкIэ яIэ щхьэхуэныгъэхэри щызэкIэлъыгъэкIуат. Сыт хуэдизу набдзэгубдзаплъэу ущытын, шыIэныгъи пхэлъын хуейт жылэ цIыкIуищым я псэлъэкIэм лэжьыгъэшхуэ къибгъэкIын папщIэ?! Шагъырым ар къехъулIащ, ар къэгъэнауэ абы хузэфIэкIащ а псэлъэкIэм зижь къыщIихуа абазэбзэми и тхыдэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ къыщIигъэщу бзэщIэныгъэм щекIуэкI зэдауэ зыбжанэ игъэужьыхыну. 1955 гъэм диссертацэр пхегъэкIри, Шагъырым филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыхуагъэфащэ.

Шагъырыр аспирантурэм щIэст, Институтым кавказыбзэхэмкIэ и къудамэм щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу лэжьэну щрагъэблэгъам. И гъащIэ псор а IуэхущIапIэм епхауэ зыхьа щIалэр зы махуэ хущIегъуэжакъым къыхиха гъуэгум. Аспирантурэм здыщеджэм Шагъырым адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэри зэдихьащ. Ар ядэлэжьащ Лунчарскэ Анатолэ и цIэр зезыхьэ Театр гъуазджэмкIэ урысейпсо институтым (ГИТИС-м) щеджэ адыгэ ныбжьыщIэхэм. ИужькIэ, 1986 - 1988 гъэхэм Шагъырыр профессор IэнатIэм пэрыту Щукин Борис и цIэр зезыхьэ театр училищэм щIэс адыгэ щIалэгъуалэри иригъэджащ. ПсэлъэкIэм щэху куэд зэрыхэлъыр, щапхъэ хэха зиIэрэ къызэрыгуэкIыу къэнэжрэ зэрыщыIэр, ауэ дэтхэнэми бзэм и кIуэцIкIэ увыIэпIэ хэха зэраIэр, зыми уепэгэкI зэрымыхъунур ягуригъаIуэрт Шагъырым и гъэсэнхэм. Ар абыхэм ядэгушыIэфырт, и фIэщу языхэзми епсалъэрт, хуей хъумэ, щегии къыхэкIырт. Апхуэдэурэ щIалэгъуалэм я гупэр бзэм хуигъазэрт, я гур хузэIуихырт. Зи гур зэIуха, бзаджагъэ лъэпкъ зымыщIэ, сыт щыгъуи нэхъыжьми нэхъыщIэми зэхуэдэу яхущыт Шагъырыр гуапэу ягу къинэжащ иригъэджахэм, Къэбэрдей театрым къэкIуэжа нэужьи, адыгэбзэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэм Шагъырым и фIыщIэ зэрыхэлъыр ямыбзыщIу Iэджэри жаIэжащ.

Шагъырыр Институтым кавказыбзэхэмкIэ къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр игъэзащIэу 1962 - 1963 гъэхэм лэжьащ. Ар щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьуи, щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщхьэуи щытащ. 1991 - 2002 гъэхэм Iэмин Институтым щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэу щылэжьащ. Кавказыбзэхэм ятеухуа и лэжьыгъэхэмкIэ дунейм и щIыпIэ куэдым фIы дыдэу къыщащIэу щыта профессор Климов Георгий 1998 гъэм дунейм ехыжа нэужь, Шагъырыр къудамэм и унафэщI ящIащ, Налшык къэIэпхъуэжыхукIи а IэнатIэм пэрытащ. Абы дзыхь кърагъэзу къыхуагъэфэща IэнатIэм, Климов Георгий къищынэмыщIауэ, нэхъапэкIэ пэрытат къэрал псом щыцIэрыIуэ бзэщIэныгъэлIхэу Яковлев Николай, Дешериев Инус, Бокарев Евгений сымэ. Дауи, абыхэм я лэжьэкIам щыгъуазэ Шагъырым къалэнышхуэ и пщэ къыдэхуэрт: абыхэм ягъуэта пщIэм зыкъыкIэримыгъэхуныр, я Iуэху щIэкIэр ипэкIэ игъэкIуэтэныр, щIэныгъэм къыщыунэху бгъэдыхьэкIэщIэхэм гъуэгу етыныр, нэгъуэщI куэдри. Илъэс 11-м щIигъукIэ лэжьауэ, Шагъырыр щалъхуа лъахэм къэкIуэжащ, зы илъэскIи КъБР-м гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэу щыIащ.

Iэмин адэжь лъахэм лъагъуныгъэшхуэ хуиIащ. ЩIагъуэ дигъэкIакъым ар къыщымыкIуэжа, щалъхуа къуажэм къэкIуэжрэ и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ щаIумыщIа. И къуажэ цIыкIум зыщигъэнщIыртэкъым, псыхъуэ цIыкIухэр, Iуащхьэхэр, мэзыр зыхилъхьэ щыIэтэкъым. И цIыху щIыкIэкIэ Iэмин зыгуэрым щепэгэкIа къэхъуакъым, хэти хуэгумащIэт, игъащIэми укъицIыхуа фIэкIа умыщIэну зэIухауэ къыббгъэдэтт, щхьэихауи къопсэлъэфынут. Куэд дыдэм ядумылъагъун хьэщIагъэ къыухифынут. Си щхьэкIэ нэхъыжьыфIыр зэрысцIыхуа мащIэм Iэджэ дахагъи дэслъэгъуащи, цIыхугъэм мардэ зэримыIэр си фIэщ ищIыфат. Аспирантурэм дыщыщIэс илъэсхэм зэи тIои къытхуихуащ Урысей къэрал библиотекэм, щIэныгъэ дунейр ЛенинкэкIэ зэджэм, дыкIуэу дыщылэжьэну. Дапхуэдэ щIыкIэми, дызэрыкIуэнур Iэмин къищIэрти, кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм деж къыщытпежьэрт, дызыщIэсынумкIэ зыхуей дыхуигъазэрти, итIанэ езым и Iуэху иужь ихьэжырт. Угушхуэнумэ, ар щхьэусыгъуэфI ирикъуртэкъэ... КъызэрыгуэкI дыдэт ар - уи Iуэху зыIутхэмкIэ къыпщIэмыупщIэу, узыхуэныкъуэмкIэ къыбдэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр къыуимыгъащIэу зэи къэхъуакъым.

Шагъыр Iэмин и къалэмыпэм лэжьыгъи 100-м щIигъу къыщIэкIащ. Абыхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ яIащ 1962 гъэм дунейм къытехьа «Адыгэбзэм и лексикэ щIэныгъэм теухуа тхыгъэхэр» («Очерки по сравнительной лексикологии адыгских языков»), 1977 гъэм тхылъитIу къыдэкIа «Адыгэбзэм и этимологие псалъалъэр» («Этимологический словарь адыгских языков»), 1982 гъэм игъэхьэзыра «Абхъаз-адыгэбзэхэм я лексикэм зэщхьу хэтыр» («Материальные и структурные общности лексики абхазо-адыгских языков»), 1989 гъэм къыдэкIа «Абхъаз-адыгэбзэхэм хамэбзэхэм къыхаха лексикэр» («Заимствованная лексика абхазо-адыгских языков») лэжьыгъэшхуэхэр. Мыбыхэм щIэныгъэм дежкIэ яIэ мыхьэнэр зэпхар абыхэм адыгэбзэм и псалъэхэр къанэ щымыIэу къызэрахутэм, езым къыхэхъукIахэмрэ нэгъуэщIыбзэхэм къыхэкIахэмкIэ зэрызэщхьэщигъэкIым, зэлъапсэгъу бзэхэм я лъабжьэр къызэрыщIигъэщым къыщыувыIэркъым, атIэ лексикэм и теорием и IуэхукIи гулъытэ хьэлэмэт дыдэхэр щещI, щIэныгъэм и къуэпсхэр жыжьэ идзу, нэгъуэщI къэхутэныгъэ гъуэгухэр къыщIагъэщу. Зыри хэмытми, «Адыгэбзэм и этимологие псалъалъэмкIэ» Шагъырым фIыщIэ жыг хухэсапхъэщ. Къыхэгъэщын хуейщ адыгэбзэмрэ куржыбзэмрэ къищынэмыщIауэ, апхуэдэ псалъалъэ лIэужьыгъуэ зиIэ кавказыбзэхэм зэрахэмытыр...

ЩIэныгъэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэр къалъытэри, Шагъыр Iэмин Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр 1980 гъэм къыхуагъэфэщащ. Ар Урысейм естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием япэщIыкIэ член-корреспонденту (1991 гъэм) хагъэхьащ, иужькIэ - действительнэ члену (1994 гъэм) хахыжащ. Шагъырыр Абхъазым ЩIэныгъэмкIэ и академием и академикт, Европэм и кавказыдж хасэми хэтт. ЩIэныгъэлIым илъэс IэджэкIэ Къэрэшей-Шэрджэс щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым адыгэбзэмрэ абазэбзэмкIэ и къудамэм и лэжьыгъэр иунэтIу, абы и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэ гъуазэу щытащ.

Шагъыр Iэмин къытхэтыжамэ, илъэс 95-рэ ирикъунут. Ноби фIыкIэ ягу къагъэкIыж ар. ЦIыхур къыщыпхэмытыжым деж абы бгъэдэлъа фIагъ псори нэхъ гуащIэу зыхыбощIэ, къэплъыхъуэу ухуожьэ, и псалъэ ухуэныкъуэу мэхъу. Iэмин фIыщIэ щIыхуэпщIын куэд къигъэнащ. Абы адыгэбзэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ, и мыхьэнэри мыкIуэщIщ. Шэч хэлъкъым, Шагъырым и щIэиныр адыгэ зэхэщIыкIым и лъагъуэхэш лъэщу щытынущ.

Шагъырым и ныбжьыр илъэс 73-м иту 2003 гъэм дунейм ехыжащ. Къигъэна уэсятым ипкъ иткIэ, ар щалъхуа къуажэжьым щыщIалъхьэжащ, абыкIи Хэкум ипэ иригъэщрэ абы хуигъэдэнрэ зэрыщымыIэр иджыри зэ и лъэпкъэгъухэм яжриIэжа хъуащ. ЦIыхум и цIэр къраIуэху псэущ, жаIэ. Iэмин и цIэр адыгэ щIэныгъэм и уафэгум зы вагъуэу къыщыблэнущ, къызэринэкIа Iуэхугъуэхэр лъэпкъым гъуазэ хуэхъуу къекIуэкIынущ.

*Тхыгъэри сурэтри* **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, гъатхэпэм и 24

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ТРИГГЕР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Время героев» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОДНАЖДЫ В ЗАЛЕСЬЕ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «САМОЗВАНЕЦ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Х/ф «РЫСЬ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Битва оружейников». «Истребители МиГ-21 против F-4 Фантом 2» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/ф «Сцена на передовой» (16+)
**00.20** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**01.25** Х/ф «СЛЕД СОКОЛА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Черные дыры. Белые пятна
**07.50** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.15** Д/ф «Роман в камне»
**08.45** Т/с «СОЛНЕЧНЫЙ ВЕТЕР» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.35** XX век
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Х/ф «ЗА ВИТРИНОЙ УНИВЕРМАГА» (16+)
**14.30** Д/ф «Учитель пения. Светлана Нестеренко»
**15.30** «Агора»
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Великие голоса Большого
**17.55** Д/ф «Роман в камне»
**18.20** Д/с «Первые в мире»
**18.35** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Д/ф «Василий Хитрово. Мягкая сила Российской империи»
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**22.15** «Монолог в 4-х частях»
**22.45** Х/ф «ВЕЛИКОЛЕПНЫЕ ЭМБЕРСОНЫ» (16+)
**23.30** «А. Пушкин. «Евгений Онегин»
**00.15** «Магистр игры»

### МАТЧ!

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.05, 16.10, 00.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** «Футбол на все времена» (12+)
**10.55** Бобслей и скелетон. Чемпионат России. Прямая трансляция из Сочи
**11.50** Специальный репортаж (12+)
**12.10** Бобслей и скелетон. Чемпионат России. Прямая трансляция из Сочи
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Бобслей и скелетон. Чемпионат России. Прямая трансляция из Сочи
**15.30** Бобслей и скелетон. Чемпионат России. Прямая трансляция из Сочи
**16.55** Футбол. «Урал» (Екатеринбург) - «Арсенал» (Тула). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
**19.00** Громко. Прямая трансляция
**20.30** Смешанные единоборства. Л. Эдвардс - Ш. Брэди. UFC. Трансляция из Великобритании (16+)
**22.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
**01.00** «Футбол на все времена» (12+)
**02.00** Баскетбол. «Пари Нижний Новгород» - «Самара». Единая лига ВТБ (6+)

## Гъубж, гъатхэпэм и 25

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ТРИГГЕР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОДНАЖДЫ В ЗАЛЕСЬЕ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**03.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «САМОЗВАНЕЦ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)
**00.55** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.05** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ПРАВО НА ПОМИЛОВАНИЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Битва оружейников». «Истребители. МиГ-29 против F-16» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «БЕРЕГИТЕ МУЖЧИН!» (16+)
**00.40** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**01.50** Х/ф «БЕЛЫЕ ВОЛКИ» (16+)
**03.25** Д/с «ВМФ СССР. Хроника Победы» (16+)
**03.50** Т/с «ПРАВО НА ПОМИЛОВАНИЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Театральная летопись
**07.50** Д/с «В поисках истины»
**08.40** Т/с «СОЛНЕЧНЫЙ ВЕТЕР» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.10** XX век
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Эпизоды
**13.40** Д/ф «Роман в камне»
**14.10** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.55, 22.45** Х/ф «ВЕЛИКОЛЕПНЫЕ ЭМБЕРСОНЫ» (16+)
**15.45** «Сати. Нескучная классика...»
**16.30** «Эрмитаж»
**17.15** Великие голоса Большого
**18.10** Д/с «В поисках истины»
**19.00** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**22.15** «Монолог в 4-х частях»
**23.30** «А. Пушкин. «Евгений Онегин»
**00.15** Д/с «В поисках истины»
**02.10** Д/ф «Василий Хитрово. Мягкая сила Российской империи»

### МАТЧ!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** Матч! Парад (16+)
**07.00, 10.00, 12.55, 14.55** Новости
**07.05, 15.00, 23.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**11.30** Смешанные единоборства. А. Перейра - М. Анкалаев. UFC. Трансляция из США (16+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**15.45** Д/ф «Копа 71» (16+)
**17.40** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**18.45** Футбол. «Динамо» (Махачкала) - «Локомотив» (Москва). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/4 финала. Прямая трансляция
**21.00** Футбол. «Краснодар» - «Ахмат» (Грозный). FONBET. Кубок России. Путь регионов. 1/4 финала. Прямая трансляция
**22.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
**00.35** Бокс. Чемпионат мира. Женщины. Трансляция из Сербии (16+)
**01.55** Волейбол. Чемпионат России. Pari. Суперлига. Женщины. 1/4 финала (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Дзюдо. Мировой тур. Гран-при. Трансляция из Австрии (12+)

## Бэрэжьей, гъатхэпэм и 26

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ТРИГГЕР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОДНАЖДЫ В ЗАЛЕСЬЕ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)
**03.30** Т/с «ЗАЦЕПКА» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «САМОЗВАНЕЦ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ» (16+)
**00.55** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.00** Т/с «ПРАВО НА ПОМИЛОВАНИЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**13.25** «Специальный репортаж» (16+)
**13.40** «По горячим следам» (16+)
**14.00, 15.05, 17.15** Т/с «БОЕВАЯ ЕДИНИЧКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** Д/с «Секретные материалы» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ИЗ ЖИЗНИ НАЧАЛЬНИКА УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА» (16+)
**00.55** Т/с «ОТРЯД СПЕЦИАЛЬНОГО НАЗНАЧЕНИЯ» (16+)
**02.00** Х/ф «ЧИНГАЧГУК БОЛЬШОЙ ЗМЕЙ» (16+)
**03.35** Т/с «БОЕВАЯ ЕДИНИЧКА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Театральная летопись
**07.50** Д/с «В поисках истины»
**08.40** Т/с «СОЛНЕЧНЫЙ ВЕТЕР» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 01.05** XX век
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00** Д/ф «Все можно успеть»
**13.40** Д/ф «Роман в камне»
**14.10** Искусственный отбор
**14.55, 22.45** Х/ф «ВЕЛИКОЛЕПНЫЕ ЭМБЕРСОНЫ» (16+)
**15.45** «Белая студия»
**16.30** «Библейский сюжет»
**17.15** Великие голоса Большого
**18.10** Д/с «В поисках истины»
**19.00** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.50** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**22.15** «Монолог в 4-х частях»
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Мэрем, гъатхэпэм и 28

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ):***
***7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ):***
***7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ):***
***7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Щэбэт, гъатхэпэм и 29

**00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиза билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

### Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 30

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***8.00, 15.00 «ХъыбарыщIэхэр».***
***Тхьэмахуэм къэхъуахэр:***
***12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын сыбызгъы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# ГъащIэм и макъамэмрэ псэм и нэхумрэ

Фэеплъ

**ПщIэ зиIэу, нэмыс зыхэлъу, IуэхуфIхэр зи IэрыкIыу псэуа цIыхур, дунейм ехыжами, куэдым я гум фIыкIэ къонэ. Ар псэухэм яхэтщ и гупсысэхэмкIэ, IуэхущIафэрэ дуней еплъыкIэу иIахэмкIэ, цIыхугъэрэ зэхэщIыкIыу бгъэдэлъахэмкIэ. Апхуэдэущ: къэзыцIыху, къыдэлажьэ куэдым я щапхъэрэ дэIэпыкъуэгъуу, нэхъыжьхэм я чэнджэщакIуэрэ нэхъыщIэхэм я ущиякIуэу, и унагъуэм исхэм я гъуазэрэ абы къихъуэ щIэблэм я гъэсакIуэу - зэрыпсэуар адыгэлI щыпкъэу дунейм тета Тхьэмокъуэ Хьэсэн ХьэцутI и къуэр. 2019 гъэм и иджы хуэдэ гъатхэпэ мазэт а цIыху псэ къабзэр дунейм щехыжар. Апхуэдэуи, псэужамэ, Хьэсэн и ныбжьыр куэд дэмыкIыу илъэс 75-рэ ирикъунут...**





ШЭДЖЭМ щIыналъэм хиубыдэ Шэджэм Езанэ къуажэм 1950 гъэм къыщалъхуащ Тхьэмокъуэр. Зэрыбыниплlым: Ленэ, Хьэсэн, Лалусэ, Лэужан сымэ я адэ-анэр гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыпимыкIуэт, гъащIэм и гугъуехь куэд зылъэгъуа, зышэча мэкъумэшыщIэхэт. Хэку зауэшхуэм ипэ къихуэ илъэсхэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджа ХьэцутI а къалэныр къримыхьэлIэ щIыкIэ, дунейпсо мафIаер къэхъеящ икIи, къэралым и сэлэт, зауэлI мелуанхэм хуэдэу, фронтым Iухьащ, бий ерум щхьэмыгъазэуи пэщIэтащ, ди щхьэхуитыныгъэр ихъумэу. ТекIуэныгъэр къахьа нэужьи мазэ бжыгъэкIэ къулыкъу ищIэри, 1945 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм ХьэцутI къигъэзэжащ щалъхуа щIыналъэм. АдыгэлIым Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэхэм, бгъэдэлъа хахуагъэм я щыхьэту и бгъэгум щылыдырт къэрал дамыгъэхэр. Махуэл димыхыу ХьэцутI лэжьыгъэм пэрыувэжащ икIи илъэс куэдкIэ хьэлэлу щылэжьащ я жылэм щызэхэт хозяйствэм.

ЦIыху пэжу икIи псэ къабзэу щытащ унагъуэшхуэм я анэри. Бын пIынымрэ унагъуэ Iуэхухэмрэ къадэкIуэу, Хужь, адрей къуажэ бзылъхугъэхэми хуэдэу, колхозым щылэжьащ. Ар и щхьэгъусэр зи пашэ бригадэм пщафIэу яIащ. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, пщIэрэ нэмысрэ зэрылъ унагъуэт Тхьэмокъуэхэ. Къалэн зырыз зимыIэ яхэттэкъым сабийхэми: ахэр я дэIэпыкъуэгъут махуэ псом губгъуэм ит адэанэми, унагъуэ Iуэхухэри зэрыхъукIэ зэфIахырт, нэхъыжьхэр нэхъыщIэхэм якIэлъыплъурэ.

Апхуэдэурэ блэкIащ зауэ нэужь илъэс гугъухэр. Тхьэмокъуэхэ я бынхэри къэжэпхъащ. Унагъуэм я къуэ закъуэ Хьэсэн школ кIуэгъуэ ныбжьым щынэсым, щIэныгъэ нэхум и къарур зыщIэ, абы щIэхъуэпсу зи гъащIэр зыхьа ХьэцутI унафэ ищIащ щIалэр Шэджэм Ищхъэрэм дэт интернатым иратыну. Апхуэдэуи хъуащ. Интернатым и пэщIэдзэ классхэм фIы дыдэу щеджа Хьэсэн а Iуэхум щыпищащ я жылэм дэт курыт школым икIи ари ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Курыт щIэныгъэ иIэрэ лъэпкъ гъэсэныгъэм и фIыпIэхэр хэлъу, балигъ гъащIэм хэбэкъуащ ар. 1968 гъэм щIалэщIэр щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и инженер-техникэ къудамэм. Студент гъащIэми щIэх дыдэу хэзэгъащ, щIэныгъэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ дахьэхыу. Адэ-анэми и анэкъилъху шыпхъухэми я гумрэ я псэмрэ щыхъэ гуфIэгъуэр къэIуэтэгъуейт. ЩIалэ закъуэм дэтхэнэми ирипхырт езым гъащIэм хуиIа хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ, псоми я гур дэинырт абы еджэным щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм. Дзэм къулыкъу зэрыщищIа илъэсхэмкIэ (щIыхь зыпылъ а къалэнри щытхъу иIэу зэфIихащ абы) еджэныр зэпыуда хъуами, Тхьэмокъуэм университетыр хъарзынэу къиухащ, зыщIэхъуэпса щIэныгъэри IэщIагъэри зыIэригъэхьащ.

ЗэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъу, жэуаплыныгъэ ини зыхэлъу гу зылъата IэщIагъэлI щIалэр Шэджэм щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым ирагъэблэгъащ икIи ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэуври, илъэс куэдкIэ абы щылэжьащ. ЛIэщIыгъуэ кIуам и 90 гъэхэм я пэщIэдзэм Тхьэмокъуэр япэщIыкIэ Шэджэм район советым и тхьэмадэм и къуэдзэу, иужькIэ Шэджэм щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу лэжьащ. А лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, Хьэсэн щIыпIэ самоуправленэм щигъэзэщIащ цIыхубэ депутатым и къалэнхэри. ЗэхэщIыкI куурэ гууз-лыузрэ зиIэ цIыху жумартыр дэIэпыкъуэгъу зыхуэхъуахэр мащIэкъым. Абыхэми я гум ноби щахъумэ Тхьэмокъуэм и фэеплъ нэхур.

Зи лэжьыгъэфIымрэ Iуэху зехьэкIэ мардэ пэрытхэмкIэ зи цIэр жыжьэ Iуа адыгэлI щыпкъэр 2000 гъэхэм и пэщIэдзэм ирагъэблэгъащ КъБР-м Гъэсыныпхъэ-энергетикэ IэнатIэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм. А зэманым къыщыщIэдзауэ пенсэ тIысыжыху Тхьэмокъуэ Хьэсэн лэжьащ министерствэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу, «къэрал чэнджэщэгъу» щIыхь зыпылъ цIэ лъапIэри иIэу. Тхьэмокъуэм къыхилъхьэ жэрдэмхэр я тегъэщIапIэу, абы и Iуэху зехьэкIэр я щапхъэу IуэхугъуэфI куэд министерствэм щагъэзэщIащ а илъэсхэм. Ауэ щыхъукIэ, зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зиIэ къулыкъущIэ гумызагъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и фIыгъэ куэд хэлъщ а лъэхъэнэм IэнатIэм игъуэта зыужьыныгъэм.

Псори зэхэту къапщтэмэ, илъэс 40-м щIигъукIэ Тхьэмокъуэр хуэлэжьащ къэралым, и къаруи зэмани, зэфIэкIи щIэныгъи щымысхьу. Апхуэдэ лэжьыгъэфIым къыпэкIуащ къэрал IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, профсоюзым къабгъэдэкIа дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. А гулъытэ лъагэхэм ящыщ дэтхэнэри лъапIэт Тхьэмокъуэм и дежкIэ, ауэ а псоми япэ абы иригъэщырт цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъуфыр, IуэхукIэ, чэнджэщкIэ зэрызащIигъэкъуэфыр. Щыпкъагъэр зи фащэу псэуа Хьэсэн хэлъа а хьэлыфIхэр фIы дыдэу ноби ящIэж а илъэс зэхуэмыдэхэм абы къыдэлэжьахэм, и нэIэм щIэту Iуэху зэфIэзыгъэкIахэм.

- ГъащIэм дызыщрихьэлIэ цIыху псори ди гум къинэркъым - тщымыгъупщэр зи дуней тетыкIэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ гъуазэ, щапхъэ тхуэхъуауэ щытахэрщ. Апхуэдэт си дежкIэ Тхьэмокъуэ Хьэсэн. Абырэ сэрэ илъэс куэдрэ дызэдэлэжьащ. 1986 гъэм къэсцIыхуащ ар. Хьэсэн абы щыгъуэ Шэджэм районым ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIт, сэ инженер-подрядчикыу сылажьэрти, зэфIэдгъэкI Iуэхухэр и нэIэм щIэту зыунэтIри къэзыпщытэри арат. Ипэ дыдэм къыщыщIэдзауэ къызгурыIуащ ди унафэщIыр зи IэщIагъэм хуэIэижь, абыкIэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI гумызагъэу зэрыщытыр, - ныбжьэгъу пэжу иIар игу къегъэкIыж ТекIушэ Iэмырбий. - Iуэхур тэрэзу гъэзэщIауэ щытыныр, щхьэж жэуап зэрихь IэнатIэр къызыхуэтыншэу ирихьэкIыныр нэхъыщхьэт Тхьэмокъуэм и дежкIэ. Абы и чэнджэщ къыуихьэлIэнут, ущыуами къыбгуригъэIуэжынут, уи лъэр щIимыуду, уи жагъуэ имыщIу, щэнрэ Iэдэбагърэ хэлъу. УмыщIэр уигъэщIэнут, иIэмкIэ къыбдэгуэшэнут. ГъащIэр фIыуэ зылъагъуу псэуа ди ныбжьэгъуфIыр дунейм и зэхэлъыкIэ куэдым щыгъуазэти, уепсэлъылIэну хьэлэмэтт. Дыхуэныкъуэщ а цIыху жумартым. Ахърэтк Iэ гуфIауэ Алыхьым къыщIигъэкI.

ТекIушэм и псалъэм къыдыщIигъуу унагъуэм я ныбжьэгъуфI КIэбышэ Володя жеIэ Хьэсэн зыхэтым фIыкIэ къахэщу, хэлъ адыгагъэр, пщIэр, нэмысыр дэтхэнэм и дежкIи щапхъэу дунейм зэрытетар.

- Хьэсэн и сэбэп екIырт зыхэс лъэпкъми, хьэблэми, унагъуэми. Сыт хуэдэ IуэхукIэ убгъэдэмыхьами, Iэмал къигъуэтыфырт къыбдэIэпыкъуну, уи гузэвэгъуэр дихыну, уи Iуэхур къыбдигъэкIуэтэну, - топсэлъыхь Володя гурэ псэкIэ ипэгъунэгъуу щытам.

Пэрытыныр зи хьэл, жэуаплыныгъэр дапщэщи зыхэлъу къекIуэкIа адыгэлIыр, пэжу, зыщыщ лъэпкъми щыпашэт. Тхьэмокъуэхэ гуфIэгъуэ е гузэвэгъуэ яIэмэ, Хьэсэнт япэу хъыбар зрагъащIэр. Арат Iуэху зиIэ унагъуэм я куэбжэ япэу Iузыхри. Зи тхьэмадэ лъэпкъым щыщхэм я зэIузэпэщыгъэмкIэ гумызагъэ зиIэ нэхъыжьыфIым сыт хуэдэ къэхъукъащIэми унафэ екIу трищIыхьыфырт, нэхъ гугъу дыдэу къыпщыхъу Iуэхуми хэкIыпIэ дахэ къыхуигъуэтыфырт. Хьэсэн и жэрдэмкIэ Тхьэмокъуэхэ я лъэпкъ зэхуэсышхуэ 1993 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэтахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, тхьэмадэ Iумахуэм и нэгум сыт хуэдиз гуфIэгъуэ кърихрэт, и псэр сыт хуэдэ гурыщIэхэм къызэщIаIэтэрэт, зыщыщ лъэпкъым щыщ щIалэгъуалэ акъылыфIэм, зэфIэкI зыбгъэдэлъым щахэплъэкIэ, Тхьэмокъуэхэ къащIэхъуэ щIэблэ зэчиифIэм иригуфIэрэ иригушхуэу. Хьэсэнрэ абы и адэ къуэшым и къуэ Алексейрэ зэфIагъэувэжащ Тхьэмокъуэхэ я лъэпкъ жыгыр. Зэманышхуэрэ къаруушхуэрэ ихьащ а лэжьыгъэ щхьэпэм епха къэхутэныгъэхэр зэфIэгъэкIыным, атIэми ар лъэпкъым и щIэныгъэщ, и фащэщ, къэкIуэну щIэблэхэм къахуэнэну икIи ягъэбэгъуэну фIыгъуэщ.

Дунейм тетыху, и дэтхэнэ махуэри IуэхугъуэфIхэмкIэ, купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ псэуащ Хьэсэн. Ерыщагъэрэ быдагъэрэ зыхэлъ, зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ адыгэлI зэпIэзэрытри сыт хуэдэ гугъуехь гъащIэм щрихьэлIами, абыхэм зэи къапикIуэтакъым, мураду зыхуигъэувыжа-хэми зэралъэIэсыным дапщэщи хущIэкъуащ. Шэч хэмылъу, цIыхум и гъащIэм куэд щелъытащ езыр и Iыхьлы дыдэхэм, и унагъуэм, къыдалъхуахэм зэрахущытым. Хьэсэн и гур апхуэдизу итхьэщIыкIати, и унагъуэм исхэр, и анэкъилъхухэр дэнэ къэна, и благъэ-Iыхьлыхэм ящыщ дэтхэнэми лъагъукIэ дахэ хэха хуиIэт. Абы ищIэрт хэт и гур гъэдэхэн, дэтхэнэм и псэм зегъэузэщIын, и лъэр щIэгъэ-кIын, хэт еущиен хуейми. ЗэпсэлъылIэ дэтхэнэми и жагъуэ имыщIу, хуэгумащIэу бгъэдэтт, псэкIэ фIыуэ зэрилъагъур зыхригъащIэу. Арат а цIыхухъу зэтетым, малъхъэдисым хуэдэу, цIыхур къыщIыкIэрыпщIэр, Хьэсэн хэмыIэбауэ я Iуэхур зэфIэмыкIыну, а цIыху угъурлым и чэнджэщыфI абы хэлъын хуейуэ къалъытэу.

Дауи, хьэлъэщ фIыуэ плъагъу, уи Iуэху зыIут псоми хищIыкIрэ дапщэщи къыбдэIэпыкъуну хьэзыр ныбжьэгъуфI пфIэкIуэдыну, гугъущ зи нэIэм ущIэту илъэс куэдкIэ узыдэлэжьа унафэщI щыпкъэр, IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэр уимыIэжыныр, тыншкъым махуэ къэс плъагъурэ чэнджэщэгъу акъылыфIэу сыт щыгъуи къыпхущIэкIыу щыта гъунэгъуфIым ухуэныкъуэну. Узыщыщ лъэпкъым и тхьэмадэ акъылыфIэр уимыIэжынри хэплъэгъуэщ. АтIэми, а гухэщI псоми я гущIыIу къокIуэ анэкъилъху гумащIэ зыфIэкIуэдам, щхьэгъусэ пэж зыкIэрыхуам, адэм и гуапагъэрэ адэшхуэм и IэфIрэ щыщIэ хъуа бынхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ я гуауэр. Ар абрэмывэу хьэлъэщ, къыпхуэмыпщытэнрэ пхузэщIэмыкъуэну инщ... Апхуэдэщ Хьэсэн и лIэныгъэр абы и шыпхъухэмрэ и унагъуэмрэ я дежкIэ.

- Адыгэхэм диIэ псалъэжь Iущхэм ящыщу «Шыпхъум и гур дэлъхумкIэ гъэзащ» жыхуиIэр ди унагъуэшхуэм щынэрылъагъу дыдэт. Зэшыпхъуищым ди дэлъху закъуэр фIыщэу тлъагъуу, пщIэ хуэтщIу, и гур зэрыхэдгъэхъуэным, и псэр зэрыдузэщIыным делIалIэу дыпсэуащ. Апхуэдэу щыта пэтми, ди дэлъху закъуэр дэ, и шыпхъухэмкIэ, нэхъуеиншэт, псоми къытхуэсакъырт, къытхуэгуапэт. Дыщ пщIантIэм дыкъыдыхьэжамэ, нэхъ хьэщIэ лъапIэ дыдэр къыдыхьам хуэдэу, къытхуэнабдзэгубдзаплъэт, - жаIэ Хьэсэн и анэкъилъху бзылъхугъэхэм. - Зэшыпхъухэм къытхэткъым ар IуэхукIэ, псалъэкIэ, чэнджэщрэ мылъкукIэ зыдэмыIэпыкъуа. Унэ-лъапсэ щыдухуэ лъэхъэнэхэми лъэкI къимыгъанэу зыкъытщIигъэкъуащ. ЖыпIэнурамэ, ди щхьэри ди унагъуэхэм щIэсхэри фIыуэ дыкъилъагъурт, гумрэ псэмрэ дыхуихьу. Апхуэдэ дэлъху пфIэкIуэдыныр хьэлъэ дыдэщ. Ахърэтыр унапIэ хуэхъуауэ Алыхьым къыщIигъэкI.

Зэшыпхъухэм зэрыжаIэмкIэ, Тхьэр къазэрыхуэупса я нысэ закъуэ Лерэ «щэ я уасэу зы уэстын» жыхуиIэм хуэдэщ. Ахэр хуабжьу хуэарэзыщ Лерэ икIи йохъуэхъу узыншэу, я бынхэм я фIыгъуэ куэд хэплъэу дунейм тетыну.

Тхьэмокъуэ Хьэсэнрэ Лерэрэ (ар Батухэ япхъущ) унагъуэ дахэ яухуат. Лерэ и IэщIагъэрэ лэжьыгъэкIэ хъумапIэ банкым епхащ. Зэщхьэгъусэхэр илъэс 37-м нэскIэ зэдэпсэуащ, пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу, гъащIэм и лъэпощхьэпо куэдми пхыкIыфащ, ягурэ я гугъэрэ яфIэмыкIуэду. Лерэ зэрыжиIэмкIэ, а псори зи фIыщIэр унагъуэм я нэхъыжьхэращ, щхьэгъусэ пэжу, акъылыфIэу, жыжьаплъэу иIа и щхьэгъусэрщ. Хьэсэнрэ Лерэрэ къуищрэ зыпхъурэ зэдапIащ. Борис, Азэмэт (ар дунейм ехыжащ илъэс 17-м иту), Бэлэ, Заур сымэ ящыщ дэтхэнэми лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, лъэ быдэкIэ гъащIэм хагъэуващ. Бынхэр унагъуи хъужакIэщ, щIэблэ узынши къащIоувэ. БлагъэфI бгъуэтыныр мылъкушхуэу, фIыгъуэшхуэу зэрыщытыр къызыгурыIуэ Хьэсэни Лери дапщэщи иригуфIэрт икIи иригушхуэрт бынхэм благъэ къыхуащIа адыгэ лъэпкъыфIхэу Джэдгъэфхэ, КъардэнгъущIхэ, Ширдийхэ.

ГъащIэ дахэ зэдрахьэкIащ Тхьэмокъуэ зэщхьэгъусэхэм, я анэкъилъхухэр, бынхэр, благъэхэр къакъуэту. Хьэсэн хуабжьу иригушхуэрт я бынхэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм я дэтхэнэ ехъулIэныгъэми. КъуэрылъхупхъурылъхухэмкIэ гумащIэ адэшхуэм ахэр нэмрэ псэмрэ хуихьырт, я IэфIагъыр гукIэ зыхищIэу. Нобэ быным, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я хъумакIуэщ анэ, анэшхуэ IэфI Лерэ. Бзылъхугъэ Iущым, зэпIэзэрытым хулъэкIащ и щхьэгъусэм и гъащIэр къызэрекIуэкIар, IуэхущIафэрэ гупсысэу иIар зэпкърыхауэ зэрыт, гукъэкIыж зэмылIуэужьыгъуэхэр къыщыхьа тхылъ дунейм къытригъэхьэн. Тхьэмокъуэхэ я лъэпкъ жыгыр зи пэщIэдзэ а тхылъыр и фэеплъ нэхущ Хьэсэн.

Езыр щымыIэжми, Тхьэмокъуэ Хьэсэн ХьэцутI и къуэм и цIэр цIыхугъэ лъагэм и щапхъэ яхурырехъу зыщыщ лъэпкъым, къызэринэкIа и унагъуэм, и бынхэм къащIэхъуэ щIэблэхэм. ГукъэкIыжхэм я тхылъым елэжьахэм яхэта бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Семэн Амырхъан зэрыжиIауэ, дунейм ехыжам теухуа гукъэкIыжхэр щымыIатэмэ, псэухэм я гъащIэм и макъамэр ужьыхынт, я псэм и нэхури нэхъ фагъуэ хъунт. Я гукъэкIыжIуэтэжхэм хэту иджыри куэдрэ гъуазэу ярырeIэ а адыгэлI щыпкъэр Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

# Псэ лъагъуэм къэрикIуа сатырхэр

*ПщыукI Латмир и усэхэр гъащIэм щыщ дакъикъэ нэхъ телъыджэ дыдэхэм къыхипхъуэтам хуэдэщ. Усэ къэс гурыщIэ е зыхэщIэ гуэрым и лъагапIэщ. УсакIуэм «и псэ лъагъуэм» кърикIуа сатырхэрщ тхылъымпIэм ихьыр. Усэхэм дыкъоджэри зыхыдощIэ гуапагъэ, псэ хуабагъэ. Сабиигъуи, щIалэгъуи, жьыхъугъуи зыхуэгъафIэ усэхэм гъащIэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэр, дунейм и къэхъукъащIэхэр къыбгурыIуэнымкIэ гъуазэ щыхъу щыIэщ. Латмир и усыгъэр гукъэкIыж лъахэщ, гухэлъ дунейщ, гупсысэ щIэншэщ. ГъащIэм и купщIэм гу лъыуагъатэ сатыр щабэхэм, уи гур ягъэпсэху, гугъэ къуат, балигъ уащI. Художественнэ Iэмалхэр екIуу сатырхэм зэрыхиухуанэм усэхэр нэхъри гурыхь ящI. Сатырхэр уи гум ибоубыдэ, куэдри къыбоIущэщыж. И «жэщыр жейхуэлIэщ», «бзагуэщ, дэгущ», и «вагъуэхэр мэкIэзыз», «уэнжакъым Iугъуэр йощтыхь», щIыфэм «уз гъэундэращхъуэ» щахуэ, «уэсыр къесмэ, щхьэцыр мэтхъу», «толъкъун Iэлым теплъаджэу зехуапэ». Укъеджэ къудей мыхъуу, псори IупщIу болъагъ, зыхыбощIэ.*

ГУГЪУЭТ Заремэ.



## ПЩЫУКI Латмир

* * *

Лъапэпц1ийуэ зыIэти, плъагъунущ,
Вакъэ зэву плъытари пхуэхъунущ,
Я нэхъ хьэлъэр щIыбыкукIэ
пхуэхьынущ,
Къыпхуэгъунукъым е
къыпхуэгъунущ.
ЩIэм удекIуми, жьым удэгъынущ,
Лакримозэм щым удэхъунущ.
Лъапэпц1ийуэ зыIэти, плъагъунущ
Уи адэжьым и кхъэлэгъунэр. -
КIуэ!

### Лъапсэ

Уи хьэжьыр къыщыппежьэ пщIантIэм
ЩIымахуэ кIыхь щигъуэлъыкIащ.
Уи бжьыхьэр, къихьэри, икIащ,
Уи кхъухьыр, техьэри, IукIащ.
Псы куэд уикIащ, бзэ куэд уеджащ,
Хамэм и унэм ущыжьантIэу.
УкъэкIуэххэнтэкъым ар пщIатэм,
Гъуэгущхьэ жыгхэр жьым
щиупщIатэм,
ЗэтракIутэурэ щагъэсым,
Мазэ нэгъунэ щыхэхэсым.
Уакъыхыхьэнтэкъым, плъэкIамэ.
УакIэлъыджа? УакIэлъыджакъым.
КъыщыпIэрыхьэм жьым и кIапэр -
Ушэсщ, укIэрыхьэжри джабэм -
ДжапIэ пхуэхъуам уакъыхуикIакъым.
Уи хьэжьыр къыщыппежьэ пщIантIэм
Уи гурыфIыгъуэр къыдэбнащ,
Хьэл мыгъуэу пхэлъыр зыхэбнащ,
Гъуэгу кIыхьым уи гур къытебнащ.
ЗэпхьэлIэжынур хэт уи натIэр?

* * *

Зыщыплъыхь, зыщыIэжьэ,
Гу щыхуэ.
Уэ птелъыжкъым афIэкI
Зым и щIыхуэ.
ЩIыхуу плъагъур
ЩIэщыгъуэурэ Iуатэ -
Гъатхэр къэсмэ,
Гъэгъэнущ уи хадэр.
И псэм еджи,
ГъэгуфIэ уи адэр,
Аддэ жыжьэу
ЩыгъэпщкIу уи гукъанэр.
УщIэмыкI мызыгъуэгукIэ -
Зэ, къанэ!

* * *

Си гъусэу гъуэгу унытехьэн,
ЕтIысэхыжмэ пшагъуэ щIыIэр?
Мо Iуащхьэм адэкIэ къыщыIэм
ДыIуплъэм дауэ дытегъэн?! –
ЗытщIынщи щэху, дыхуэгуфIэнщ,
ЗэрыгуфIэфу насыпыфIэр,
Iуплъэгъуэм къигъэскIэну щIыфэм
Уз гъэудращхъуэ тхущахуэнщ.
Щэхуэгъуу хэти щыдиIэн
Псэ гъуэгур зэтшэлIэну щIыщIэм?
Усэр зи пэжым и гум щыщIэр
Гъуэгу зэхэкIыпIэм щыжаIэнщ.
... Си гъусэу гъуэгу унытехьэн?

### Си адэм папщIэ

Уэ уежьэри, сэ сыкъэнащ
Уи жэщ джанэр згъэлэжьэжыну,
Гъатхэу къихьэм сыхуэпэжыну
Сэ сыкъанэри, уэ ухэнащ.
Къыхэнащи си гум зы уз,
Зы хущхъуэгъуи химыгъэкIыну.
СыIухьэнурэ, сыIукIынущ,
Сыхыхьэнурэ, сыхэкIынущ,
Сытехьэнурэ, сытекIынущ.
... Нэр зэтеспIэмэ - зэфIэкIащ.

### Уэс

Уэсыр къесмэ, щIэщыгъуэ щыIэж?
Мы щIымахуэм къихьа вокализыр
СыткIэ уи гум къеIа апхуэдизу?
УеIэбыхмэ - нэхъ щIыIэжщ.
Уи ади, уи ани, уи дэлъхуи щыIэжщ.
Бзэ пцIыхуамкIэ уи быныр мэпсалъэ,
Уи тепIэныр хуабапIэ - къабзалъэщ,
УздэщыIэр фIы дыдэу уощIэж.
Уэсыр къэсу уи гур зэгъа?
Дэни къикIт зэдежьу-зэщIэкъугъэр?
Сытым щыщу къэтIасхъэт уи кугъуэр?
... Уэсыр къесри, уи щхьэцыр тхъуащ!

* * *

СыныщыкIуэм си гур ныкъуэщ,
СыкъокIуэжри - си гур ныкъуэщ.
Си уэрэдыр зыхурикъуа
Жэщ мазэншэр къыстощхьэукъуэ.
Къызбгъэдохьэри, сызэпеплъыхь,
КъыхуэмыщIэу сызиIэщIагъэр.
Си гур пщIыхькIэ къысхуреблых
Мопхуэдиз зи гупсысэ - зи жьагъым.
Уафэ щIагъым щIэлъыжмэ пэж,
Си тепIэныр къыздэгъэхуабэ!
Си адэм и адэр къалъхун ипэж
Укъыспежьэри, къэпщIат си гуапэ!

* * *

Ухэплъэкlэ плъагъунуIакъым,
Плъагъунукъым, укъыхэплъкIи,
Хы Хуэмым щхьэщыхьэ щыблэм
Тыншыгъуэ къыпхуригъэблкъым.
Си фIыгъуэр щызгъэкIуа хьэблэм
Гукъеуэр щоупщIыIу-щохуабэ.
Хы Хуэмым и толъкъун Iэлым
Теплъаджэу зыкъысфIехуапэ.
Гухэлъыр щысIуэта хадэр
ПщIыхь чэнжхэм я жэщ тIысыпIэщ.
Хы Хуэмым и толъкъун уардэр,
КъоIэбэри, къытлъоIэсыпэ.
Насыпыр щаухуэнщI щхьэлыжьым
ЩызэхуащIыжыркъым IэплIэ...
Ухэплъэкlэ - плъагъунуIакъым,
Плъагъунукъым - укъыхэплъкIи.

* * *

Уи фIэщ умыщI сиIауэ нэгъуэщI хэку,
Зи гупкIэ сисым и уэрэд жысIауэ,
Нэхъ къасщтэу къыхэсхауэ
нэгъуэщI гъуэгу,
Уи деж сынэзышэжым нэмыщIауэ.
Дунейр щIиIубэжами, сыкъелынт
Уи нурым и зы кIапэ къысхэнамэ,
Си щIэблэм я гум фIыкIэрэ силъынт,
Уи пэжым и зы Iыхьэ къысхуэнамэ.
Уи фIэщ умыщI сыхъуауэ
нэгъуэщI цIыху,
МылIэжыныпсэ бзаджэр къысIукIауэ...
Сызэрыпсэур уи дзыхь
къызэбгъэзыхущ,
Си лъагъуныгъэм уигу къыщымыкIауэ.

# Гъыбзи псалъи щIэмылъу

**ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ цIэрыIуэхэм къызэрыхэщыжымкIэ, адыгэм ипэкIэ илъэсыр Iыхьитlу ягуэшу щытагъэнущ - гъэрэ щIырэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щыхьэту къыщIэкIынщ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэухар: «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ».**

НЭХЪ иужьыIуэкIэ илъэсыр пIалъиплIу ягуэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щыхъукIэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къыдидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэIу махуэхэу къалъытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэIу махуэхэм ящыщт гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуищыр, IутIыж, вакIуэдэкI, вакIуэихьэж, удзыпсзэутх, гъубжэдэх, Созэрэщ и тхьэлъэIу, Тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейм и зэхэлъыкIэм нэхъ кууу хищIыкI хъууэрэ, цIыхум бгъэдэлъ щIэныгъэм зиузэщIащ лIэщIыгъуэкIэрэ, дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и щытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яIэ плъыфэ зэмыщхьхэмрэ игу ириубыдэурэ. Нэхъыбэу абы гулъытэ зыхуищIыр дуней къэхъукъащIэхэрат. Дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм я гъащIэр мэкъумэш щIэным, Iэщ зехуэным теухуауэ щытти, абыхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Ар IупщIу щынэрылъагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI хабзэхэмрэ зетхьэ лъэпкъ хьэлымрэ. Абыхэм хеубыдэ ди махуэрыбжэри.

Дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьхэм гу нэхъ зылъатэр дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыкIэрт. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ къуажэми зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хута гуэрхэр яIэти, абыхэм я щхьэщыгум дыгъэр къиувамэ, къулъшыкъу, къулъшыкъушхуэ, шэджагъуэ хъуащ, жаIэрт. ПсэупIэ унэхэм я гупэхэр къуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзауэ щытти, бжэ, щхьэгъубжэ дазэхэм къыдидз дыгъэ бзийхэмкIэ къащIэрт махуэм и пIалъэхэри.

Махуэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядз ныбжьхэм. Жэщым гъуазэу къагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбынхэр.

Илъэсыр Iыхьиплlу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «ВагъуэбэкIэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр: «Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щIым хыхьэжащ». Мы псалъэухахэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбэр щIым къыхэкIауэ къыщалъытэр гъатхэм и деж махуэхэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу зэманырт. Иджырей ди махуэрыбжэм тепщIыхьмэ, 2023 гъэм ар зыхуэзэр гъатхэпэ (март) мазэм и 20 - 21-рщ. Абы ирихьэлIэу адыгэхэм илъэсыщIэр къихьауэ къалъытэрт. «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абы щыгъуэ. Дяпэ ита нэхъыжьхэм а махуэр Iэтауэ ягъэлъапIэрт. ИлъэсыщIэр къыщихьэу къалъытэ а зэманым теухуауэ унагъуэ къэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ «мафIащхьэ джэд» жаIэ хъуащ) ящIырт, гъэфI къаритыну Тхьэм елъэIурт, щIалэгъуалэр хъуромэ джэгурт, къуажэбгъухэм гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщырт. Пшапэр зэхэуа нэужь, зи дэкIуэгъуэ пщащэ цIыкIухэм джэш ядзырт, пIэщхьагъ зыдагъуэтыну щауэр къащIэн мурадкIэ. Сытми, нэжэгужэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу махуэр ягъакIуэрт.

ЩIыуэпсым и щытыкIэмрэ дыгъэм и къепсыкIэмрэ, мазэм игъуэта теплъэмрэ вагъуэхэм я зэхэувэкIэхэмрэ ятепщIыхьмэ, нобэ Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ. Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэм щIылъэм хуиту зыщаукъуэдий, гъэрэ щIырэ щызэхэкI зэманщи. ЦIыхуи, удзи, псэущхьи щогуфIыкI дунейр къыщыушыж мы зэман дахэм, хъуэпсапIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ абы ирапхыу.

Мы гъатхэ дахэм, щIыуэпсым и щытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къулейм, дэри гугъэфIхэр худиIэщ. Псом япэ идгъэщ ди хъуэпсапIэхэр ехьэлIащ ди къэралыр илъэсищым щIигъуауэ зыхэт зауэ зэпэщIэувэныгъэр иухыным, дунейм мамырыгъэ щытепщэ хъужыным, фIыгъуэхэм я нэхъыщхьэ зэгурыIуэныгъэр лъэпкъхэм, щIыналъэхэм я зэхуаку дэлъыным. Адыгэ илъэсыщIэкIэ дызэджэр угъурлыуэ къытхущIэкIыну, насып къытхуихьыну, ди щIэблэм я гукъеуэ дымылъагъуу, узыншэу етIанэгъэ пIалъэ фIыгъуэкIэ дынэсыну Тхьэм жиIэ!

Гъыбзи псалъи щIэмылъу дэнэкIи щреIу гъатхэм и макъамэ дахэр, зэхэзых псоми я псэр мамырыгъэмрэ зэпэщыныгъэмрэ хуиузэщIу, псэхугъуэрэ дэрэжэгъуэкIэ щыз ищIу!

**ЩIыуэпсым и махуэгъэпс**



**ТАМБИЙ Линэ.**




● Жыlэгъуэхэр

## Iэгу ущеуэни къыщыпхуеуэни къыпхуихуэнщ

♦**Ябгынэжа хэку псыкъуий къыщатIыркъым.**
♦**Ягъэделар делэм къахощ.**
♦**Япэкlэ игъэжа мывэр и щlыбагъымкlэ къыщытехуэжащ.**
♦**Iэгу ущеуэни къыщыпхуеуэни къыпхуихуэнщ.**
♦**Iэнэ щагъэувым къыщыхутэр фадэ щрагъахъуэм щохуэх.**
♦**IитIрэ пэт зэрымытхьэщIу зэгурыIуэркъым.**
♦**Iущыр щэ мэчэнджащэ, мычэнджащэр щэ мэлъэпэрапэ.**

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Сабийхэм жаlэ

### ДимыIэжуи?

- Кхъузанэр къысхуэхьыт, си хъыджэбз цIыкIу, - зыхуигъэзащ анэшхуэм пхъурылъхум.
- ДимыIэжуи? Ар зэрыщыту гъуанэ хъуати, хыфIэздзащ.

### Тхыдэр нэхъ кIэщIт

Адэшхуэр къуэрылъхум йогие:
- ТхыдэмкIэ «2» къэсхьуи. Сэ сыщеджэм абыкIэ «5» фIэкIа къэсхьтэкъым.
- Абы щыгъуэм, дадэ, тхыдэри куэдкIэ нэхъ кIэщIу щытащ. Ар зыщумыгъэгъупщэ!

### Щыуагъэншэу тхэмэ

Классым щIэуэ хагъэтIысхьа Залым егъэджакIуэр еупщIащ:
- Хэт убгъэдэзгъэтIысхьэн? ЩIалэ цIыкIу хьэмэрэ хъыджэбз цIыкIу къыхэпхыр?
- Узыхуейм сыбгъэдэгъэтIысхьэ, щыуагъэншэу тхэ закъуэмэ, хэти здэнущ, - жэуап къитыжащ еджакIуэм.

# Хьэкулъэкlэ гъэжьа кlэртlоф

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Мыр зэрагъэхьэзырыр тебэ цIыкIущ. КIэртIофыр яукъэбз, псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, хъурей пIащIэурэ яупщIатэ. Тебэм псы щIыIэ иракIэри, кIэртIоф упщIэтар зы сатырэу иралъхьэ, абы шыгъу, шыбжий плъыжь, джэдгын тракIутэ, шатэпс тракIэжри, бжьын цIынэ упщIэта трагъэщэщэж. Аргуэру апхуэдэ сатыр иралъхьэ. Апхуэдэурэ тебэм из ящI. ИщIыIу дыдэм телъ сатырэм шыгъу трагъэщащэ, пIащIэ цIыкIуурэ кхъуей цIынэ яупщIатэри зэхуэдэурэ тралъхьэ. Абы шатэ тракIэжри, хьэкулъэм ирагъэувэ.

МафIэр мыин дыдэу, кIэртIофыр зэIамыщIэу дакъикъэ 27 - 30-кIэ ягъажьэ. КIэртIоф жьам и щхьэр тхъуэплъ дахэу щытын хуейщ. Тебэм зэрилъу Iэнэм трагъэувэри пщтыру яшх. ПIастэ, лэкъум, щIакхъуэ дашх.



***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):*** кIэртIоф укъэбзауэ - г 735-рэ, псыуэ - г 50, бжьын цIынэу - г 170-рэ, шатэпсу - г 650-рэ, кхъуей цIынэу - г 150-рэ, шатэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

● Прозэу тха усэ

## ХьэщIэм и чэнджэщ

ИЛЪЭСИБГЪУМ ит Маринэ унэ лъэгу къилъэсми, пэшыр зэлъыIуихми, тхылъ еджэми, - сыт ищIэми дзапэ уэрэд тIэкIу жиIэ и хабзэт. Маринэ и уэрэд жыIэкIэр унэм щIэсхэм ягу ирихьыртэкъыми, махуэ псом зэхэпхыр зыт: «Маринэ, бэяу! Бэяу, Маринэ!»

ХьэщIэ къахуэкIуат зэгуэр унагъуэми, гу лъитэщ абыи, щIэупщIащ:

- Уа, мы Маринэ щхьэ Iуэху фщIырэ?

- Iэмал хуэдгъуэтыркъым, уэрэд тфIыжеIэ; жиIэфми зыгуэртэкъэ, джэду гурым фIэкIа пщIэнкъым.

- И гугъу фымыщIу зэ феплъыт, - жи хьэщIэм. - Ар щIэгурымыр фыпэроуэри аращ. Уэрэд жызыIэ цIыхум къыпэрыуэ щымыIэу, и псэр хуиту, и гур утIыпщауэ щытын хуейщ. ИтIанэщ абы и макъыр къыщиутIыпщынури.

**КЪЭЖЭР Хьэмид.**

# Хьэ хей умыукI

● Теплъэгъуэ

ИЛЪЭСИЩ хъуа хьэвышхуэ диIэт. Мэлыхъуэхьэ лъэпкът. И инагъым хуэдиз и делагът. Ухуей-ухуэмейми, къыбдэджэгунут. Езыр инышхуэти, уи ужь иту нажэурэ, уи хъуреягъыр къифыхьу, къыпщыгуфIыкIыу къыпкIэрысынут. Апхуэдэу уэрамым дэжырти, блэкIхэм яжьэхэлъадэрт, зыцIыхухэр къыдэджэгурт, зымыцIыхухэр щIэпхъуэрт. Ауэ ар зэи дзакъэртэкъым, апхуэди игу къэкIыртэкъым. ЦIыхухэм я ужь иту тIэкIурэ якIэлъыущырт. Къызэрырамыдзэр къищIа нэужь, зэригъэшынари къыгурымыIуэжу, и кIэр игъэджэгуу къэкIуэжырт. Иныкъуэхэм дежи етпхырт, ауэ апхуэдизкIэ тхьэмыщкIафэу къыдэплъырти, къэдутIыпщыжырт. Хьэблэ нанухэм я ныбжьэгъут, уеблэмэ щIалэ цIыкIухэр топкIэ къыдэджэгурт.

Зы махуэ гуэрым апхуэдэу уэрамым дэжат. Хъыджэбз цIыкIу блэкIырти, гуфIэу кIэлъыщIэпхъуащ. Пщащэ цIыкIур шынэри, кIийуэрэ уэрамымкIэ дэжеижащ. Сыдэжри, хьэр къыдэсшэжащ, кIарц жыг лъабжьэм щIэт и хьэгъуэм деж еспхыжащ.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз дэкIауэ, соплъри, ди пщIантIэм лIышхуэ къыдохьэ, фоч иIыгъыу. Ар хъыджэбз цIыкIум и адэрат. Сэ занщIэу къызгурыIуат абы ищIэнур.

ПщIантIэм сэр нэмыщI зыри дэстэкъым. Псалъи жимыIэу хьэр здепхамкIэ йокIуэкI, фочри трешащIэ. Сыжэри хьэм и пащхьэ си IитIыр шияуэ сыкъиуващ.

- Уемыуэ! - сокIий, согъуэг си макъ къызэрихькIэ.

КъоIэбэри, сыкъыIуедз, аргуэру зытрешащIэри, хьэм и щхьэм техуэу йоуэ. Ар фIэмащIэу, етIуанэу и гум техуэу еунэщI фочыр...

Сэ куэдрэ срисымэджащ а Iуэхум. Сысабийт, ауэ зэи си гум имыхужыну дыркъуэу къытенащ.

ГъащIэр матэщIэдзакъым. Илъэс куэди дэкIыжащ...

Адыгэм псэлъафэ диIэщ: «Хьэ хей умыукI, фыз хей иумыгъэкIыж», - жиIэу.

Узыфэ бзаджэм пIэхэнэу илъэс куэдкIэ а лIыр хигъэлъыжащ.

**БАГЪ Марьям.**

# Уи набдзэр шхэмэ...

● Нэщэнэхэр

♦**Уежьауэ къэбгъэзэжмэ, уи Iуэху къохъулIэнукъым жаIэрт.**
♦**Уи бзэгу зыгуэр къыхэкIмэ, бзаджэ къыбжаIэну къалъытэрт.**
♦**Уи набдзэр шхэмэ, зыгуэрым сэлам епхынущ.**
♦**Уи Iэхэр уи щхьэщыгум щызэрыбдзэну фIыкъым жаIэрт.**
♦**Унэм цIыв къыщIыхьэну фIыщ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Мыбыдэ, пкъы зыщIэмыт, хэкъузэгъуафIэ, хэушкумбэгъуафIэу щыт. **3**. Къуалэбзухэр, джэдкъазхэр щыкIэцI, щыгъуалъхьэ, ширхэр къыщраш егъэзыпIэ. **8**. Къуалэбзу лъэпкъ. **10**. Шхынхэр яшыун папщIэ шхынхэлъхьэу къагъэсэбэп. **11**. Псы къызыдэж къуэ, бгы зэхуаку, псыхъуэ. **14**. Нарт эпосым, адыгэ таурыхъхэм хэт персонаж. **15**. Къащэхум е ящэм щIэтыпхъэу хуагъэфащэу хужаIэ, нэхъыбэрэ ахъшэ бжыгъэкIэ, зыгуэрым и пщIэ. **18**. Пшэ, пшагъуэ куэд щытелъ махуэ. **20**. Куэдрэ щылъа, гъэ ежьа лы гъэгъуа. 21. Илъэс бжыгъэкIэ къэкI, щхьэмыж цIыкIухэр къэзыщI удз. **24**. Псыхъуэхэм, щIыпIэ псыIэхэм, гуэл Iуфэхэм къыщыкI удз пхъашэ. **25**. Iэщхэм я тхьэ.

***Къехыу:*** **2**. Бгырыпхыщхьэ, фэ лъэпс илъэфыпIэ. **4**. Къилъэтыхьурэ удз гъэгъам фо къыпызых гъудэбадзэ лъэпкъ. **5**. Зыгуэр щащэ-къыщащэхум деж уасэ зэралъытэ дамыгъэ. **6**. ЦIыху щыпсэуну, щIэсыну яухуэ псэуалъэ. **7**. Илъэсым и Iыхьэ пщыкIутIанэ. **8**. Бгы щIэуда, щIыхьэпIэ зиIэ. **9**. Псоми ехъуапсэ. **12**. Дзыдзэ лъэпкъым щыщ лырышхэ хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу. **13**. Уи хъуреягъыр плъагъу ищIу зыгуэрым къыбгъэдэкI нэху. **16**. Мэлым къытращыкI цы щабэ, цы налъэ псыгъуэм къыхэщIыкIа щэкI. **17**. Зи тхьэмпэхэри, зи лъабжьэри яшх хадэхэкI. **19**. ЗытрагъащIэу, зыщIагъакъуэу къыщакIухькIэ къагъэсэбэп пхъэ яе кIыхь. **22**. Жыр тхьэгъу цIыкIуурэ зэрылъу щIа джанэ, Iэщэм зыщахъумэн папщIэ пасэ зэманым зауэлIхэм зыщатIагъэу щыта. **23**. Гъавэ щаIуэ щIыпIэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

*Гъатхэпэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:*

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Уврэ. **4**. Зыри. **7**. Джэду. **8**. ИращI. **9**. ДелитI. **13**. МафIэм. **17**. Банэ. **18**. Анэм. **19**. ИIэщ. **20**. ХьэщIэ.
***Къехыу:*** **1**. Ирауд. **2**. ВыфIитI. **3**. Унэжь. **5**. Ихьар. **6**. Мэл. **10**. Еджа. **11**. Ипэ. **12**. ГъакIуи. **13**. МэкIуэж. **14**. ФIыщ. **15**. Мазэщ. **16**. Къуэрэ.

● ЗэIущIэхэр





# Еханэ увыпIэм и лъабжьэкIэ къемыхын яхузэфIэкIыну?

**Нобэ Ставрополь къалэм «Спартак-Налшыкым» щыщIидзэнущ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм. Абы и пэ къихуэу ди гупым и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимуррэ клубым и унафэщI Заруцкий Александррэ командэм и топджэгу пажэхэу Хьэшыр Алан, КIэдыкIуей Хьэчим, ЛIуп Ислъам сымэ ягъусэу яIущIащ республикэм футболым щытетхыхь журналистхэмрэ футболеплъхэмрэ икIи абыхэм я упщIэхэм жэуапхэр иратыжащ.**

СЫХЬЭТЫМ щIигъукIэ екIуэкIа зэIущIэм Iуэху куэдым щытепсэлъыхьащ - «Спартак-Налшыкым» хэтхэм я зыгъэсэныгъэхэр зэрекIуэкIам, мы гъэм къыпэщылъ къалэнхэм, командэм къыхыхьа щIалэхэм, чемпионатыр никъусаныгъэншэу ирихьэкIын папщIэ клубыр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрызэгъэпэща щIыкIэхэм, зыхуэныкъуэхэм, гугъэ-плъапIэхэм, нэгъуэщIхэми. Ахэр жэуапыншэу зыри къагъэнакъым.

Псом япэу журналистхэр щIэупщIащ иджырей чемпионатым зыхуигъэхьэзыру командэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм ар зэрехъулIамрэ гъэ джэгугъуэщIэм зэрыIущIэмрэ. Абы теухуауэ Битокъу Тимур жиIаращи, дапхуэдиз зэман ямыIэу щытми, дэтхэнэ зы тренерми ар сыт щыгъуи фIэмэщIэнущ, зыгуэрхэр игъэзэкIуэжын е щIэ гуэрхэр и лэжьыгъэм иджыри хилъхьэн папщIэ. Ауэ, дауэ хъуми, зэман иIащ ди командэм - мазищкIэ зигъэсащ. Ар пIалъэфI дыдэщ икIи къалэну зыхуагъэувыжар къанэ щымыIэу ягъэзэщIащ, чемпионатым хуэхьэзырщ, уеблэмэ хуэзэшащ.

Командэм щIэуэ къыхыхьа топджэгухэм псоми зэгурыIуэныгъэхэр нобэкIэ иращIылIащ, ауэ гъэмахуэм адэкIэ абыхэм пащэн хуейщ. Клубым и унафэщIхэм я мурадщ, топджэгухэм якIэлъыплъу, 2026 гъэм ирихьэлIэу, «Спартак-Налшыкым» зыхуигъэувыжа къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ сэбэп къыхуэхъуфынухэр зэхагъэкIыу, пIалъэ кIыхьым теухуа зэгурыIуэныгъэхэр абыхэм иращIылIэну. Мы гъэм командэм къыхыхьа псоми Битокъур епсэлъащ икIи езыр абыхэм яхуейуэ клубым къригъэблэгъащ.

Мыдрейуэ, Заруцкий Александр къызэрыхигъэщамкIэ, псори зэлъытауэ щытынур командэм иIэну бюджетырщ. Ауэ мылъкуфI уиIэн папщIэ, чемпионатым укъыщыхэжаныкIын, турнир таблицэм увыпIэфIхэр щыпIыгъын хуейщ. Армырауэ, зыри къопсэлъэнукъым. Гугъэхэр щыIэщ, нэгъаби хуэдэу, республикэм и Правительствэр къадэIэпыкъуну: илъэс блэкIам щIыхуэу ятелъар хуапшыныжащ.

Мыгъэрей чемпионатым клубым и къалэн нэхъыщхьэу щытынур турнир таблицэм еханэ увыпIэм и лъабжьэкIэ къемыхынырщ, нэгъуэщIу къыщIэкIмэ, илъэсыр къемыхъулIауэ къалъытэнущ.

Журналистхэри футболеплъхэри нэгъабэ игъэпIейтеящ ди командэм и гъуэм топ куэд къызэрыдагъэкIам икIи абыхэм ящIэну хуейт абы и лъэныкъуэкIэ тренерым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр.

А упщIэм и жэуапым къызэрыхэщамкIэ, Iуэхур нэгъабэ апхуэдэу щIыщытам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Псалъэм папщIэ, ди гъуащхьэхъумэхэм я зэгурымыIуэныгъэм, ахэр зэрызэмысам, командэм къыхыхьэхэкIыжхэр зэрыкуэдам, зэгъусэу чемпионатым зэрызыхуамыгъэхьэзырам къыхэкIащ а щытыкIэр. Иджы, мы гъэм пIалъэфIкIэ зэгъусэу зэрызагъэсам и фIыгъэкIэ топджэгухэр я щыуагъэхэм елэжьащ. Ауэ, Битокъу Тимур зэрыжиIамкIэ, командэм и гъуэм топ къыдемыгъэгъэкIыныр зи пщэрылъыр гъуащхьэхъумэхэм я закъуэкъым, атIэ ар псоми я зэхуэдэ къалэнщ. «Ди гъуэр зэрыдгъэбыдэным имызакъуэу, ди хьэрхуэрэгъухэм нэхъыбэ зэрахудэдгъэкIынми яужь дитын хуейщ», - къыхигъэщащ Битокъум.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ командэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщами. Псалъэм папщIэ, Заруцкий Александр зэрыжиIамкIэ, гупым зигъэхьэзырыхукIэ, клубым и автобусыр зэрагъэпэщыжащ, котельнэм и лэжьэкIэми кIэлъыплъащ, стадионым и унэм хэт, спортсменхэр зыщIэс пэшхэр зыхуей хуагъэзащ, ауэ клубыр зытегузэвыхь Iуэхухэр щыIэщ иджыри. ЖыпIэнурамэ, ди стадионым и щытыкIэм РФС-м и лэжьакIуэхэр арэзы къыщIыркъым икIи фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу губгъуэр къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр къаблэу зэрамыгъэпэщыжмэ, абы зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIыу къыхуадэнукъым. КъищынэмыщIауэ, трибунэхэм уисынри дзыхьщIыгъуэджэ хъуащи, «КъуэкIыпIэ» лъэныкъуэр зэхуащIынкIэ хъунущ. Мыбдежми а щытыкIэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ гугъапIэу яIэр щIыпIэ Правительствэмрэ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэщ. Ахэр Iуэхум щыгъуазэщ. СтадионыщIэ бухуэн папщIэ иджыпсту сом мелардитI ухуеинущ, нэхъ мащIэ дыдэу. Абы щыгъуэми, Налшык и стадионым нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм нобэкIэ щыIэкъым.

Заруцкий Александр зэIущIэм щыжиIащ командэм и гъэсэн ныбжьыщIэу 9-м, 2006 - 2009 гъэхэм къалъхуахэм, зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIар икIи ахэр хуэм-хуэмурэ командэ нэхъыщхьэм къызэрыхашэнур, илъэс зыбжанэ дэкIмэ, «Спартак-Налшыкым» лъабжьэ хуэхъуфын хуэдэхэу. Апхуэдэуи лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI нэгъуэщI щIыналъэхэм я клубхэм щыджэгу ди щIалэхэр къешэлIэжыным ехьэлIауэ, ауэ зэкIэ Iуэхур кIуатэркъым, езыхэм къыхуагъэлъагъуэ улахуэм хуэдиз дыдейхэм зэрырамытыфынум и зэранкIэ.

Мы гъэм командэм спонсор къигъуэтащ. Ар «BetBoom» букмекер конторэрщ. Ди республикэм ар къашэн папщIэ, зэман куэд трагъэкIуэдащ клубым и лэжьакIуэхэмрэ юристхэмрэ. Заруцкий Александр зэрыжиIамкIэ, турнир таблицэм 13-нэ увыпIэм фIэкIа щумыIыгъыу зыгуэр къыдэпхьэхыну гугъущ. Ауэ ар яхузэфIэкIащ икIи абы и фIыгъэкIэ Iэмал яIэ хъуащ текIуэныгъэхэм щхьэкIэ футболистхэр ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпажэну, н.къ. ялэжьыну. «Спартак-Налшыкым» и мурадщ апхуэдэ спонсорыр зыIэщIимыгъэкIыну, илъэс куэдкIэ дэлэжьэну. Ауэ абы щхьэкIэ, псом япэу джэгукIэ дахэ къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Аращ командэм къыдэщIу зэIущIэм къэкIуахэр нэхъыбэу щIэлъэIуари: я къарурэ зэфIэкIрэ емыблэжу ди футболистхэр ягъэджэгуну, текIуэныгъэ дахэхэмкIэ ягъэгуфIэну. «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэми топджэгухэми командэм къыдэщIхэр къагъэгугъащ лъэкI къамыгъэнэну, уеблэмэ жаIащ апхуэдизкIэ футболым хуэзэшахэщи, иджыпстуи утыкум ихьэну зэрыхьэзырхэр.

Гъуэгу махуэ, ди «Спартак-Налшыкым»! Апхуэдэу захудогъазэ ди щIалэхэм икIи дыхуейщ езыхэм я мурадхэр зрагъэхъулIэну, футболеплъхэр дазэрыщыгугъхэри ягъэпэжыну.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**
*Сурэтхэр тезыхар* **Уэлджыр Артурщ.**



# Гъатхэм и плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр

**«Гранд-Кавказ» хьэщIэщым щокIуэкI гъэм и зэманхэм ящыщу дунейр нэхъ щыщIэращIэм траухуа «ГъатхэщIэ» гъэлъэгъуэныгъэр.**

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, гъатхэр къыщыблагъэкIэ мы IуэхущIапIэм гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ къыщызэрагъэпэщ, дахагъэкIэ гъэнщIа сурэтхэр щытепщэу. КъатитIым щыболъагъу сурэтыщIхэу Дзэгъэл Iэуес, Пак Галинэ, Мазло Руслан, Аккизовхэ Сиярэрэ Имарэрэ, Тхьэзэплъыж Руслан, Иевлевэ Оксанэ, Тураев Рустам, Зеленская Юлэ, Хьэщхъуэжь-МафIэдз Динэ, Ермолаевэ Аннэ, Иванниковэ Ольгэ, Щоджэн Лианэ, Сэкрэк Алинэ, Фуртунэ Дианэ, Дэцырхъуей Рузанэ, ХьэщIэлI Астемыр, Бжьахъуэ Хьэсэн, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэхэр. КъызэщIэпкъуэжмэ, художник цIэрыIуэхэмрэ IэщIагъэм япэ лъэбакъуэхэр хэзычэ сурэтыщI ныбжьыщIэхэмрэ я лэжьыгъэ 40-м нэблагъэ абы утыку къыщрахьащ. Гъатхэм и плъыфэ щхъуэкIэплъыкIэхэр къыщыгъэлъэгъуа, жыг, удз гъагъэхэм, бзылъхугъэхэм, хадэ берычэтхэмрэ псыежэххэмрэ я теплъэр къызэрыщ сурэтхэр удэзыхьэхщ, нэр зыгъэгуфIэщ.

СурэтыщI Аккизовэ Имарэ фIыщIэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм. Абы къыхигъэщащ ягу дыхьа лэжьыгъэхэр кърихьэлIахэм къащэхуну Iэмал зэраIэр. ХьэщIэщым и унафэщI Бабыгуей Ларисэ и гуапэу жиIащ, художник Iэзэхэм къадэкIуэу, щIалэгъуалэм я IэдакъэщIэкIхэри дяпэкIэ я хьэщIэщым зэрыщагъэлъэгъуэнур.

Художник Дзэгъэл Iэуес и псалъэм къыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр зэрыщIэщыгъуэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм нэхъ гулъытэ хуащIыну зэрахуэфащэр.

Пшыхьыр игъэдэхащ Къумыкъу Борис зи художественнэ унафэщI «Марки» ансамблым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.456 Заказыр №597

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленин им и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А